Editor: Wahyu Nugroho dan Anang Santosa

PARiKAN EDAN SUROBOYOAN

ALAI BAHASA
A TIMUR
2 1

Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan
Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa
Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur

PARIKAN EDAN SUROBOYOAN

Editor:
Wahyu Nugroho dan Anang Santosa

PERPUSTAKAAN
BALAI BAHASA
PROVINSI JAWA TIMUR
Jalan, Siwalanpanji, Buduran, Sidoarjo

KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
BADAN PENGEMBANGAN DAN PEMBINAAN BAHASA
BALAI BAHASA PROVINSI JAWA TIMUR
2014

PARIKAN EDAN SUROBOYOAN

Penulis: Grup Facebook Parikan Edan Suroboyo
Penanggung jawab: Amir Mahmud
Redaktur: Mashuri
Editor/Penyunting: Wahyu Nugroho dan Anang Santosa
Juru Atak: Alek Subairi
Distribusi: AF Tuasikal
Cetakan I, November 2014

Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur
Jalan Siwalanpanji, Buduran, Sidoarjo
Telepon/Faksimile: (031) 8051752

Katalog dalam terbitan (KDT)
899. 233 1
PAR Parikan Edan Suroboyoan/Mashuri --
p Sidoarjo: Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur, 2014
vi, 97 hlm.; 15 cm x 21 cm.
ISBN: 978-602-8334-37-2

PERPUSTAKAAN
BALAI BAHASA
PROVINSI JAWA TIMUR

KATA PENGANTAR
KEPALA BALAI BAHASA PROVINSI JAWA TIMUR

Karya sastra merupakan hasil imajinasi dan kreasi manusia. Perkembangan penulisan karya sastra dapat dikatakan amat pesat. Dewasa ini, berbagai media dapat berfungsi atau difungsikan sebagai wahana pengungkapan nilai-nilai estetis yang berbentuk karya sastra. Selain ditulis di surat kabar, majalah, dan internet, karya-karya sastra juga ditulis atau dihimpun dalam wujud buku. Bahkan untuk jenis penerbitan buku sastra ada kecenderungan peningkatan. Keadaan tersebut ditengarai sebagai bukti apresiasi masyarakat terhadap dunia sastra bergerak ke arah yang lebih baik daripada sebelumnya.

Menyikapi hal tersebut, sejak lama Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur menerbitkan karya-karya penulis Jawa Timur dari berbagai genre, baik karya sastra berbahasa Indonesia maupun berbahasa daerah. Beberapa antologi puisi dan cerita pendek telah terbit dan didistribusikan ke seluruh Indonesia melalui Balai/Kantor Bahasa.

Selain merupakan upaya pendokumentasian karya sastra, tujuan penerbitan buku karya sastra ini adalah memelihara semangat para penulis, terutama penulis muda, agar terus berkarya. Penerbitan antologi parikan*Parikan Edan Suroboyoan* ini juga merupakan implementasi program untuk mengembangkan dan memberdayakan komunitas-komunitas sastra di Jawa Timur. Kami berbangga ketika melihat penulis muda yang tak kenal menyerah dalam berproses dan menghikmati dunia kepenulisan puisi berbahasa Jawa. Semoga kebanggaan tersebut berjalan seiring dengan terlaksananya program Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur seperti Bengkel Sastra dan Bahasa.

Terima kasih kami sampaikan kepada Kepala Badan Bahasa, Mas Wahyu Nugrogo sebagai editor dan penghimpun parikan, Anang Santosa sebagai editor, Mashuri sebagai penyeleksi naskah, para penulis dari Grup Facebok Parikan Edan Suroboyo, dan panitia penerbitan buku ini.

November 2014
Drs. Amir Mahmud, M.Pd.

SEKAPUR SIRIH EDITOR

Berkat rahmat dan hidayah Allah, parikan dari grup Parikan Edan Suroboyo di jejaring sosial *Facebook* yang berjudul*Parikan Edan Suroboyoan* dapat terbit dalam bentuk buku.Parikan adalah salah satu kekayaan budaya Jawa. Di Jawa Timur, parikan telah menjadi salah satu unsur penting dalam pertunjukan ludruk dan kentrung. Dalam pergaulan masyarakat umum, parikan seringkali difungsikan sebagai media untuk memecah kebekuan atau bumbu penyegar dalam proses komunikasi. Selain itu, parikan juga menjadi media untuk menyampaikan nasihat, 'pesemon' atau hiburan.

Grup Parikan Edan Suroboyo merupakan sebuah grup di jejaring sosial *Facebook* yang memiliki tujuan menggairahkan tradisi parikan serta merangsang masyarakat agar menyukai dan berminat dalam menciptakan parikan-parikan yang lebih segar dari parikan yang sudah ada. Tujuan grup ini dibentuk agar budaya parikan dialek Jawa Timuran, atau yang populer dikenal dengan arekan atau Suroboyoan, sehingga diharapkan identitas budaya arek Jawa Timur itu bersemi sebagai peneguh jati diri.

Buku parikan ini merupakan rangkaian komentar berbentuk parikan yang diunggah sebagai status di grup Parikan Edan Suroboyo. Setiap bait parikan mengandung kata' walang', dan setiap bait juga terikat pada bait lagu *Walang Kekek*. Jumlah parikan yang telah diposting sebenarnya mencapai lebih kurang 1500 bait, namun dari jumlah tersebut tidak semuanya memenuhi kaidah penulisan parikan, sehingga kami perlu melakukan seleksi dan revisi. Perbaikan itu meliputi konten, bentuk, dan diksi. Dari hasil seleksi dan perbaikan itu akhirnya kami memilih774bait parikan. Adapun dipilihnya judul *Parikan Edan Suroboyoan* tidak saja terilhami oleh nama grup *Facebok* tersebut sebagai penulisnya, tetapi juga terkait isinya.

Sebenarnya parikan ini volume kedua yang telah dihimpun oleh grup Parikan Edan Suroboyo. Volume pertama berjudul *The Power of Petelot*, berisi 500 bait parikan dan ditambah 500 bait *Parikan Mbeling Ngontemporer*. Harapan kami, semoga pendokumentasian parikan ini bisa berlanjut pada volume-volume berikutnya, agar parikan-parikan bermutu yang pernah diciptakan tidak hilang begitu saja. Selain itu, semoga

penulisan parikan dalam bentuk buku ini dapat memotivasi para kreator parikan untuk mendukumentasikan karya-karyanya, supaya berguna bagi pihak-pihak yang membutuhkan, di antaranya para pencinta parikan atau yang ingin mempelajari perbendaharaan bahasa Jawatimuran dan khalayak luas yang ingin lebih jauh mendalami karakter masyarakat arek di Jawa Timur. Hal itu karena dari sampiran dan isi parikan dapat diketahui dan dirasakan dinamika kehidupan sosio-kultural dan psiko-sosial secara kontekstual ketika parikan itu diciptakan. Parikan dapat menjadi cermin kondisi kontemporer suatu masyarakat di lingkungan si pencipta parikan itu tinggal dan beraktivitas.

Akhirul kalam, kami ucapkan terima kasih kepada Balai BahasaProvinsi Jawa Timur yang telah berkenan menerbitkan parikan ini. Kami ucapkan terima kasih kepada keluarga besar grup Parikan Edan Suroboyo, serta semua pihak yang telah membantu penerbitan parikan ini.

Wahyu Nugroho dan Anang Santosa

DAFTAR ISI

KATA PENGANTARKEPALA BALAI BAHASA PROVINSI JAWA TIMUR iii
SEKAPUR SIRIH EDITOR iv—v
DAFTAR ISI vi

Parikan 1—97

PARIKAN PEMBUKA

1. *Wahyu Nugroho*
walang kekek mblarah nang Cino,
walang ireng dhengkule anjlok,
nek wis tuwek ojok sembrono,
ojok seneng dulinan kathok.
(e ya iyo ya eyae ya iyo yae yaiyo yaiyo...)

2. *Wahyu Nugroho*
walang abang kecemplung wenter,
tibo njlungup sampek keseper,
songgo uwang ilere nyumber,
nek dicucup rasane suweger.
(e ya iyo ya eyae ya iyo yae yaiyo yaiyo...)

3. *Wahyu Nugroho*
walang lorek koyok tentara,
miber-miber untune garing,
dhuwik entek gak iso gaya,
turu mlungker koyok trenggiling.
(e ya iyo ya eyae ya iyo yae yaiyo yaiyo...)

4. *Wahyu Nugroho*
walang wandu untune bogang,
masak trasi sambelan tahu
njogo gerdhu wedi nek ilang,
maling saiki nyolongan gerdhu.
(e ya iyo ya eyae ya iyo yae yaiyo yaiyo...)

5. *Wahyu Nugroho*
walang nglencer nang Suroboyo,
nyangking timbo isine belung,
irung mbeger bolongane ombo,
nyedhot howo klebonan gantrung.
(e ya iyo ya eyae ya iyo yae yaiyo yaiyo...)

6. *Nurdi Ansyah*
walang sangit nyucuki pari,
menclok gedhek pindhah nang papan
budhal nang masjid paling ndhisiki,
perlu golek panggon sendhenan

7. *Nurdi Ansyah*
walang kekek miber nang sawah,
sikile cuklek kecanthol rante,
wong wis tuwek kakehan polah,
nggandheng cewek pethuk putune.

8. *Nurdi Ansyah*
walang kekek ndhelik nang jedhing,
ngerokoti pinggire lawang,
tanggal tuwek pikiran pusing,
clono siji diijolno brambang.

9. *Wahyu Nugroho*
walang endhel gak iso ngerik,
walang ndlodog senengane ngguyu,
kate apel gak duwe dhewik,
nyolong endhog ijol untu palsu.

10. *Wahyu Nugroho*
walang mabuk walang sing memel,
mangan tlethong entek sak thekruk,
nggawe sabuk nutupi udel,
udele bodong sampek sakcebuk.

11. *Denmas Prasetyo Hadi Kusumo*
walang klawu menclok nang uwit,
walang engkis sikile dowo,
rondho ayu mlakune jinjit,
bareng mringis cangkeme ombo.

12. *Prabu Minohek*
walang kekek wernone ijo,
wayah awan kecemplung kali,
umur tuwek sik golek bojo,
oleh prawan jare rejeki.

13. *Denmas Prasetyo Hadi Kusumo*
walang kekek menclok nang dipan,
walang upo kok iso ngukir,
wong wis tuwek moco parikan,
ora kroso sampek kejungkir.

14. *Prabu Minohek*
walang ketan menclok nang nanas,
pindhah nang puhung sikile nylentik,
mulih Jumatan howone panas,
mbukak sarung dithothol pitik.

15. *Cak Fud Probo*
tekek burik digendhak walang,
diinceng kadhal nyingit njero damen.
gak duwe dhuwik njukuko gendhang,
nang terminal digawe ngamen.

16. *Wahyu Nugroho*
walang cendhek suthange cilik,
walang bungkuk kakehan gaya,
awak sumpek gak duwe dhuwik,
bojo ngamuk takdulang uyah.

17. *Prabu Minohek*
walang dowo cangkeme landhep,
koyok arit mari diungkal,
mumpung poso ayo sing sregep,
sregep nang masjid karo ijol sandhal.

18. *Cak Nurdi*
kasak-kusuk kok persis dhalang,
awak kuru lungguh nang dhingklik,
isuk-isuk sarapan walang,
tangi turu sikilku nylentik.

19. *Wahyu Nugroho*
walang palsu walang-walangan,
seneng mlerok karo mecucu,
bojo lemu gawe hiburan,
nek didelok pancen ketok lucu.

20. *Nurdi Ansyah*
walang ijo ngleset nang sepur,
sepur mandhek dirubung kutrik,
duwe bojo pawakane dhuwur,
kate petan sik golek dhingklik.

21. *Mbah Sudrun Singodimejo*
walang biru dirubung laler,
nek wis njeber njaluk disemir,
bojo lemu turune ngiler,
ditadhahi ember digawe gudir.

22. *Nurdi Ansyah*
walang ijo nemplek nang kayu,
mlebu kakus liwat cendhelo,
golek bojo miliho sing kuru,
ulan Agustus gawe cagak gendero.

23. *Wahyu Nugroho*
onok kebonyemplung segoro,
tibo miring buntute cuklek,
ndelok bojo ngilo ndhik koco,
jengkang-jengking tiru walang kekek.

24. *Dinda Maniezkoe*
walang abang puthul buntute,
kari siji kintir nang kali,
nek wong lanang akeh dhuwike,
kok yo mesthi pengen poligami.

25. *Nurdi Ansyah*
walang siji gak iso miber,
kodhok ngorek dulure kintel,
arek saiki pancen pinter-pinter,
golek cewek sing wulune ketel.

26. *Wahyu Nugroho*
walang mbedehek clonoan komprang,
menclok tembok blebetan andhuk,
lemu endhek klambian trawang,
nek didelok koyok bleke krupuk.

27. *Wahyu Nugroho*
walang mendem klempoken anggur,
mangan krikil dikiro jagung,
adhem-adhem timbange nganggur,
nglebokno percil ndhik njero sarung.

28. *Wahyu Nugroho*
walang keminter macak kemeruh,
ngelus bathuk ngusap gundhule,
cewek kemecer sing awake abuh,
dipangan isuk wareg sampek sore.

29. *Nurdi Ansyah*
nang Meduro mampiro Sampang,
kerapan sapi nang ngarep omah,
goro-goro parikan walang,
tak belani tuku kaset Waldjinah.

30. *Wahyu Nugroho*
walang semok koyok Waldjinah,
mepet-mepet terus meloncat,
lungguh mekokok kakehan polah,
tak tepil karet areke njingkat.

31. *Denmas Prasetyo Hadi Kusumo*
nang Meduro bablas nang Malang,
krungu simbah watuke mengi,
ora kroso parikan walang,
nganti wayah wis tengah wengi.

32. *Wahyu Nugroho*
walang cangkruk ndhuwur wit waluh,
mbeber kloso dulinan penthung,
budhal isuk mulihe subuh,
nyanggong rondho sampek weteng kembung

33. *Wahyu Nugroho*
walang mengi kentekan obat,
ngombe anggur cekno semangat,
bengi-bengi ganok sing ngrumat,
timbang nganggur ngitung montor liwat.

34. *Prabu Minohek*
walang ijo nggawe kocomoto,
ono pager dheweke menclok,
duwe bojo kabehnya limo,
medhotkan geger dan jugak boyok.

35. *Wahyu Nugroho*
walang ruwet walang sing kasep,
miber muter nggowo kuwali,
moto sepet ketok cewek korep,
kethek karo iler roto sak rai.

36. *Denmas Prasetyo Hadi Kusumo*
walang wedi ketemu memes,
teko Pacet mari bancakan,
rino wengi cengangas-cengenges,
moto sepet moco parikan.

37. *Wahyu Nugroho*
walang teler ndlosor ndhik gerdhu,
ngising murus sampek semafud,
deso geger mergo cewek ayu,
waktu adus dipotrek Cak Mafud.

38. *Wahyu Nugroho*
walang palsu walang-walangan,
dicet biru bahane kerdhus,
kudu ngguyu ndelok gendhakan,
waktu turu klebonan tikus.

39. *Wahyu Nugroho*
walang wedok kakehan polah,
nggawe benges koyok drakula,
bojo ndlodok pancen gak genah,
prengas-prenges koyok makuwa.

40. *Wahyu Nugroho*
walang puret kurang vitamin,
abang-ireng praene ngeden,
wis kebelet njaluk dikawin,
selak rendheng wedi kadhemen.

41. *Nurdi Ansyah*
walang kekek nyemplung nang kali,
kali ombo banyune muncrat,
wedok tuwek kok seneng brai,
golek joko sing durung sunat.

42. *Wahyu Nugroho*
walang burik kenekan lentung,
pingin polah gak duwe bondho,
gathik nglirik langsung diambung,
kok ndilalah bojone tonggo.

43. *Kenari Alas*
walang sangit menclok wit klopo,
klopo seger ndhik latar njobo,
ojok nglirik bojone tonggo,
mumpung durung dadi perkoro.

44. *Wahyu Nugroho*
walang ndladap mlaku clongoan,
kayal-kayal keslentik jaran,
cangkem mangap golek badhogan,
nemu sandhal langsung dipangan.

45. *Wedya Wiewied*
walang ireng walang semiran,
pacen cluthak gak duwe sopan,
temu wong ngganteng senenge tenan,
barang cedhak koyok garangan.

46. *Wedya Wiewied*
walang ireng kuplukan blangkon,
ndelok njendhule kok persis melon,
kadhung seneng gak ngerti enggon,
nek ndhi nggone kok njaluk pangkon.

47. *Razza Asfa Dwilly Prasetyo*
walang nggremeng pas weruh blangkon,
mungkin tuman malih gak srantan,
tiwas seneng katene pangkon,
bareng mapan mek jaluk petan.

48. *Prabu Minohek*
walang kekek tawur karo coro,
mulih nang omah awak dadi loyo,
loro dengkek akal rabi loro,
malem pertama gegere kebek koyo.

49. *Nurdi Ansyah*
walang kekek disupit yuyu,
pinggir embong kok pencilakan,
ojo ngenyek karo Cak Wahyu,
senajan gondrong tapi rupawan.

50. *Prabu Minohek*
walang kekek menclok nang kayu,
pinggir embong karo jagongan,
ojo ngenyek karo Cak Wahyu,
senajan gondrong sik ketok tampan.

51. *Nurdi Ansyah*
walang ijo miber nang sawah,
wit kedhondhong dirubung uler,
duwe bojo kakehan polah,
sekali kenthong langsung kelenger.

52. *Prabu Minohek*
walang ijo miber nang sawah,
walang ireng gak tau keclup,
nduwe bojo koyok Cak Nurdiansyah,
masiyo gantheng gak tau raup.

53. *Luk Man Asli*
walang mesakat kecebur serbat,
serbat muncrat nganti nang jidhat,
coro hemat bojo cek gak minggat,
dikrangkeng kawat pastilah kuat.

54. *Ruston Efendi*
walang kekek menclok nang watu,
menek ondho gocelan tampar,
wong wis tuwek ojo ita-itu,
disenggol rondho langsung terkapar.

55. *Nurdi Ansyah*
walang siji gawe royokan,
pancen bener omonge wong tuwek,
sampek bengi dulinan parikan,
turu mlungker koyok walang kekek.

56. *Nurdi Ansyah*
walang mangkak nang godhong tebu,
godhonge dowo wite cuklekan,
paling enak dirabi Cak Prabu,
tanggal tuwo wareg parikan.

57. *Ruston Efendi*
walang kekek pindhah nang Sundho,
sepedhaan mampir Kembang Jepun,
ojo ngenyek karo mbok rondho,
disenggol pisan langsung ampun-ampun.

58. *Nurdi Ansyah*
walang mati kudu dibuwak,
iso bergaya koyok sentolop,
karep ati nerusno parikan,
apa daya batereiku ngedrop.

59. *Nurdi Ansyah*
Werkudoro lakone wayang,
wayang golek dideleh kerdhus,
goro-goro parikan walang,
sampek entek rokok rong kerdhus.

60. *Nurdi Ansyah*
walang ijo sikile biru,
mangan tape sendhoke sekop,
mumpung bojo sik durung turu,
ngecas hape yo ngecas sentolop.

61. *Wahyu Nugroho*
walang bogang tibo kejengkang,
ndhase mbendhol jare sulapan,
wong wis gerang gak nggawe kutang,
koyok nggembol kucing anakan.

62. *Wedya Wiewied*
kucing anakan ndhik ndhuwur pogo,
mangan sego dicathek ulo,
dadi wong lanang sukak kuwoso,
teko kerjo cepakono boto.

63. *Nurdi Ansyah*
walang lorek walang-walangan,
mlebu genthong gak iso muni,
wong wis tuwek rabi perawan,
sekali kenthong seminggu gak tangi.

64. *Prabu Minohek*
walang kayu dirubung laler,
kayu mahoni gedhene sak tong,
wonge ayu turune ngiler,
turu sewengi oleh sak genthong.

65. *Wedya Wiewied*
walang ireng mencloki wedhus,
nyucuk pari ndhik ndhukur kerdhus,
wonge nggantheng gak tau adus,
mbok gawe dasi ambune lebus.

66. *Wedya Wiewied*
walang-walang duduk walang tenan,
rupane clolo sikile pincang,
kenal wong lanang ngaku jagoan,
pethuk coro lari tunggang langgang.

67. *Wahyu Nugroho*
walang buthak gak duwe rambut,
moto mblereng kenak sulake,
jare enak saben diperut,
kroso ngrenyeng ganok tunggale.

68. *Wahyu Nugroho*
walang mbolot pancene pah-poh,
sering nesu lambene nyocot,
sering nggenjot akhire lempoh,
gak tau jamu boyoke pedhot.

69. *Ruston Efendi*
walang dowo kakehan bolot,
moco koran ngrungokno kroncong,
sampek tuwo gak tau nggenjot,
nggenjot pisan napase ngongsrong.

70. *Denmas Prasetyo Hadi Kusumo*
walang kekek digawe bakwan,
kulite rontok terus diwalik,
wong wis tuwek rabi perawan,
ngongkek boyok gak isok mbalik.

71. *Wahyu Nugroho*
walang sumbung rodok mekitik,
tulung-tulung kleleken susur,
kenek ambung langsung mendelik,
wong sing ngambung irunge sepur.

72. *Denmas Prasetyo Hadi Kusumo*
walang tuwek angel kandhanane,
gak duwe doyo kathik yo memel,
weruh cewek mlakune dhewe,
bareng disopo brengose kandel.

73. *Wahyu Nugroho*
walang bungkuk koyok Mak Lampir,
nggowo bathok lambene njedhir,
saben pethuk mesthi cengar-cengir,
dadak koyok iwak mujair.

74. *Nurdi Ansyah*
walang kumat awake gulung,
walang ijo golek nang ngarep,
malem Jumat siap bertarung,
dadak bojo turu mengkurep.

75. *Nurdi Ansyah*
walang kadung wulune mekrok,
sikile papat pinter lek ndhodhok,
kate tarung bojone ngorok,
kadhung semangat dikeplekno tembok.

76. *Nurdi Ansyah*
walang kuru gak tau mangan,
klimprak-klimpruk kok persis wayang,
kate turu sik kober parikan,
bojo ngamuk dikancingi lawang.

77. *Nurdi Ansyah*
walang siji nang njero kandhang,
dipangan uler ditutup sarung,
saben bengi parikan walang,
turu mlungker koyo walang kadung.

78. *Purwo Jadul*
walang maning walang maning,
mbok yo kodhok sing nggo parikan,
lanang maning lanang maning,
mbok sing wedok melok parikan.

79. *Nurdi Ansyah*
walang ngantuk turu nang blumbang,
mburi omah karo klesetan,
bojo ngamuk aku dibalang,
kadhung mlumah tak tinggal parikan.

80. *Nurdi Ansyah*
walang kekek nggone mbah dhukun,
werno ijo dowo sikile,
durung tuwek kok yo wis pikun,
ngrangkul bojo kliru Pak Dhene.

81. *Wahyu Nugroho*
walang Arab rambute kriting,
walang Turki awake lemu,
mari nggarap gak eling-eling,
gak iso tangi diguyang banyu.

82. *Wahyu Nugroho*
walang males gak tau miber,
jarang adus awake lemu,
awak lemes sampek keseper,
tandang terus gak tau jamu.

83. *Nuning Poedji Setyaningsih S*
walang biru mabur nang ngetan,
nabrak wedhus awake klenger,
ndelok awakmu eling Cak Lukman.
jarang adus ambune banger.

84. *Wahyu Nugroho*
walang banci seneng krul-krulan,
diminyaki kok koyok susur,
sik tas brai gendheng lanangan,
gak pedhuli pasiene Menur.

85. *Wahyu Nugroho*
walang kekek walange kadung,
walang kayu kulite ireng,
bojo elek sarasen ngambung,
bojo ayu bolak-balik meteng.

86. *Prabu Minohek*
walang ijo menclok nang kloso,
kenek pacul ndhik tlapak tangan,
wis duwe bojo ngakune joko,
ngalor-ngidul golek gandhengan.

87. *Irwan Anwar*
walang ndablek digibeng tekek,
ceblok nyungsep diemplok kucing,
gak iso ngadek mergo wis tuwek,
kadhung karep gak eling-eling.

88. *Nurdi Ansyah*
walang kekek walange kadung,
lek nang sawah nggaweo sarung,
tanggal tuwek pikiran bingung,
njaluk jatah malah dipenthung.

89. *Prabu Minohek*
walang kekek menclok nang omah,
nyemplung banyu gak iso mentas,
wong wis tuwek kakehan polah,
ngombe jamu keliru potas.

90. *Irwan Anwar*
walang kekek menclok nang jubin,
pingin leren sikile cuklek,
tanggal tuwek ngajak nang bonbin,
wis keluwen ngrebut pakan kethek.

91. *Nurdi Ansyah*
tuku bakwan kelebon walang,
mangan roti ngombe coca cola,
arek prawan gulune abang,
jare mari dicucup drakula.

92. *Irwan Anwar*
walang lorek rambute dowo,
irung mancung kecepit laci,
bojo tuwek kudu dijogo,
pas digetak kecemplung kali.

93. *Wahyu Nugroho*
walang mblebes teko turunan,
dhekne ngaku turunan juragan
cewek males mbadhoge doyan,
awake lemu koyok trek gandhengan.

94. *Nurdi Ansyah*
walang kekek mripate ombo,
mangan sawut wis entek limo,
bojo tuwek kudu dijogo,
lek gak nurut ndang museum-no.

95. *Wahyu Nugroho*
walang mbeling seneng ngakali,
walang ndlodok matane kero,
cewek garing endhi iso seksi,
lha wong koyok cagak gendero.

96. *Irwan Anwar*
walang meler mangani gabah,
untune rontok kakehan nguntal,
nyangking koper dikiro mblarah,
bareng didelok isine gombal.

97. *Wahyu Nugroho*
walang minggat wedi bojone,
golek pacar gawe gantine,
wis gak kuat dipekso ae,
metu kamar digotong anake.

98. *Iben Kampret Sang Pengelana*
walang kekek menclok nang panci,
mabur maneh lugur nang kloso,
kate lapo wong pancen banci,
iku ngono yo podho menungso.

99. *Irwan Anwar*
walang kekek onok sepuluh,
walang telu wis matek kabeh,
kenal cewek pas lagi lungguh,
bareng mlaku wis mekeh-mekeh.

100. *Cak Djon*
walang kekek onok sewelas,
wis didohno dibalang kayu,
dhalang tuwek rupane melas,
nek modhel ngono eling Cak Wahyu.

101. *Irwan Anwar*
walang rabi ndhik pange pelem,
bareng meteng dadi selikur,
nek Cak Nurdi gayane kalem,
pas ndhik peteng mangani kasur.

102. *Cak Fud Probo*
kulak sewek tekan Pemalang
mbayar ngutang wadhahe kranjang,
kenal cewek sikile koyo walang,
lungguh jigang persis tiyang gawang.

103. *Cak Djon*
walang sopan lungone salim,
kabehe loro modhele keceng,
nek Cak Pardan pancene alim,
senengane karo wong lembeng.

104. *Irwan Anwar*
walang kekek nyokoti wesi;
kenek angin gak iso tangi,
wong wis tuwek tambah nggemesi,
mergo pingin tambahan gizi.

105. *Jok's Wirosableng*
walang wadon nyemplung peceren,
tengel-tengel koyok dibeleh,
Cak Djon njemblung tapi yo keren,
seneng ngeyel pingin rabi meneh.

106. *Nurdi Ansyah*
walang dlahom angel golekane,
wulune lorek kecemplung sumur,
rabi enom gak kuat ngaleme,
oleh tuwek royokan susur.

107. *Nurdi Ansyah*
walang klomoh kecemplung banyu,
menek klopo nyanthol godhonge,
teko adoh kok ketok ayu,
bareng tak gudho bibikku dhewe.

108. *Jok's Wirosableng*
walang turu mepet nang kayu,
walang ijo nek miber adoh,
nyawang wong ayu karo ngguya-ngguyu,
nyawang bojo kepingin gumoh.

109. *Nurdi Ansyah*
parikan walang sak mene dawane,
walang godhong dicokot kirik,
yo gak kurang wong wedok liyane,
bojone wong sik kober nglirik.

110. *Nurdi Ansyah*
sore-sore kulakan wesi,
ndhukur mejo diencloki walang,
gak nyambut gawe kepingin rabi,
ditagih blonjo sarunge dilelang.

111. *Wahyu Nugroho*
walang mungsret awake cebol,
menclok cerme dulinan botol,
kaos ngampret ketok medhosol,
sopo wonge gak pingin nyenggol.

112. *Prabu Minohek*
walang males awake mulus,
walang lali menclok nang getas,
rondo teles awake klumus,
kecemplung kali gak iso mentas.

113. *Wahyu Nugroho*
walang ijo menclok nang luntas,
ditamatno kok koyok unggas,
entuk bojo areke nggragas.
saben ndino sambat gak puas.

114. *Barjax Cavalera*
walang kekek menclok nang klambi,
walang ijo apik wernone,
wong wis tuwek akal akal rabi,
ditarik blonjo kumat ayane.

115. *Wedya Wiewied*
walang banger nyemplung peceren,
mambu sepet gak sido keren,
thenger-thenger kepingin leren,
endhas mumet kwaregen duren.

116. *Wedya Wiewied*
walang ijo disumbo abang,
nyemplung cebuk kok malih belang,
duwe bojo seneng begadhang,
mulih isuk kudu tak bengkolang.

117. *Wedya Wiewied*
walang kadung ketutup karung,
godhong kangkung kari gagange,
kadhung nyemplung yo ojo bingung,
nek gak dipetung kapan dadine.

118. *Wedya Wiewied*
walang sangar menclok nang mawar,
mawar biru ndhik njero kamar,
Bang Irwan Anwar jare wong sabar,
ketok wong ayu irunge mekar.

119. *Wedya Wiewied*
walang kayu mencloki bumbung,
nggowo botol isine lempung,
nek kang Prabu aku gak gumun,
sing kesenggol wetenge njemblung.

120. *Wedya Wiewied*
walang pari menclok ndhikMenur,
kembang turi thukul ndhik kantor,
nek Cak Nurdi pancen kesuwur,
masi banci yo tego nyosor.

121. *Wahyu Nugroho*
walang bingung lali omahe,
lontang-lantung turu nang gerdhu,
pingin ngambung wedi bapakne,
nekat ngambung dipenthung alu.

122. *Wahyu Nugroho*
walang cebol seneng penekan,
nyemplung kali angel ambegan,
arek bongol doyan wedokan,
gak pedhuli arek embongan.

123. *Wahyu Nugroho*
walang kere gak nyekel dhuwit,
seneng nyolong duweke konco,
parikane Ning Wedya Wiewied,
koyok uwong gak duwe duso.

124. *Nurdi Ansyah*
walang ngantuk mari melekan,
nggawe kupluk karo sarungan,
isuk-isuk sobo parikan,
bojo ngamuk disrampang wajan.

125. *Nurdi Ansyah*
walang ijo tombone linu,
kadhung karep gathik semayan,
duwe bojo awake lemu,
turu mengkurep koyok timbangan.

126. *Nurdi Ansyah*
walang ireng buntute tugel,
awe-awe keplindhes tronton,
ketok kereng brengose kandel,
senengane nonton sinetron.

127. *Nurdi Ansyah*
walang bengkong lungo nang dhukun,
nggawe klambi modhele mbois,
onok bencong nang stasiun,
bencong nyambi makelar karcis.

128. *Nurdi Ansyah*
walang pasar wetenge jemblung,
nang prapatan dicokot asu,
bencong nyasar pikirane bingung,
dadi korban alamat palsu.

129. *Wedya Wiewied*
Daan Mogot liwat rambutan,
kenek tilang dibayar walang,
kenek cakot jare enak tenan,
kongkon mbayar lari tunggang-langgang.

130. *Wahyu Nugroho*
walang ngalem omonge lembeng,
mencar-mencur idune mletik,
wong wis mlempem dipekso kereng,
sampek dijantur karo dislentik.

131. *Ajar Pambudi*
walang nyungsep digawe bakso,
ider-ider sampek tekan Solo,
ati karep nggoleki jodho,
sampek tuwek uripe njomblo

132. *Ajar Pambudi*
walang ireng muter lapangan,
nyaruk watu sikile pincang,
kadhung seneng oleh kenalan,
barang ngguyu untune bogang.

133. *Mahfud Hidayat*
Walang joget lagu India,
ndhik sikile gelangan wesi,
ojok kaget Cak Wahyu gaya,
iku tandhane katene rabi.

134. *Mahfud Hidayat*
walang Pujon gayane njengking,
ambu wangi nek mari mangan,
ndhelok Cak Djon saiki direbounding,
jare nek bengi golek obyekan.

135. *Mahfud Hidayat*
walang kekek main bal-balan,
ndelok pithing mangani manggis,
cak Prabu Minohek oleh kenalan,
prawan ting ting cangkeme mringis.

136. *Cak Djon*
walang kekek praene ngganthen,
geger ngronyoh lambene manyun,
wong wis tuwek kakehan nginceng,
matane keroh kathik yo rabun.

137. *Prabu Minohek*
walang kekek gawe dulinan,
onok bebek nyosori pari,
ngguyu nggegek moco parikan,
walang kekek gak mari-mari.

138. *Prabu Minohek*
walang kekek wernane abang,
walang kekek walang glegeken,
durung tuwek ayo sembahyang,
nek wis tuwek loro dengkeken.

139. *Mas Haryo*
walang kekek walange kayu,
walang kadung kecemplung pirtus,
durung tuwek rupane ayu,
nek diambung jian iso mak nyusss.

140. *Cak Djon*
walang kekek metune bengi,
walang kekek disosor meri,
sing duwe tuwek gak iso tangi,
wonge ngekek ketiban lemari.

141. *Kenari Alas*
walang kekek onok ndhik mburi,
nyesek-nyesek nang wite manggis,
nek wis tuwek penyakiten mengi,
sambat sesek sampek mengkis-mengkis.

142. *Irwan Anwar*
walang kekek umure tuwek,
menek mlinjo kesrimpet sewek,
ojok ngenyek sing kaos lorek,
iku ngono pawange tekek.

143. *Wahyu Nugroho*
walang Londo untune nggeget,
jalan-jalan jangkahe dowo,
kondho-kondho ngomong sik rapet,
jare prawan lha kok wis ombo

144. *Prabu Minohek*
walang njengat sikile njepat,
mlaku nyisih kepleset tomat,
malem Jumat ayo moco sholawat,
engko lek mulih diwenehi berkat.

145. *Prabu Minohek*
walang tomat walange keket,
menclok omah melbu nang kerdhus,
malem Jumat lampune matek,
grayah-grayah dicokot tikus.

146. *Cak SP*
walang kekek ngrikiti kawul,
opo ngiro iku bubuk katul,
wong wis tuwek sirahe gundhul,
mesthi dikiro embahe thuyul.

147. *Irwan Anwar*
walang kekek mati dipenthung,
menclok klambi kaine suwek,
merem-melek krubutan sarung,
lha tibakno diklamuti tekek.

148. *Nurdi Ansyah*
walang watu buntute abang,
sikil papat menclok wit-witan,
ojok nylathu karo wong lanang,
mlayu minggat gak duwe kenthongan.

149. *Nurdi Ansyah*
Walang gendheng mangani pasir,
miber ngilang digusak jaran,
rupa nggantheng akeh sing ngesir,
tapi sayang rokoke eceran.

150. *Nurdi Ansyah*
walang kore sikile limo,
nggawe klambi lali kathokan,
nyambut gawe koyone gak sepiro,
lek bengi nyambi nyolong jemuran.

151. *Prabu Minohek*
walang kekek walang belawan,
walang mahoni walange kupang,
wong wis tuwek ngaku sik prawan,
bareng ditakoni prawane Jepang.

152. *Prabu Minohek*
walang semafud walange garing,
wis sak wulan awake legrek,
Pak Dhe Mahfud saiki gering,
jare kakehan mangan walang kekek.

153. *Wedya Wiewied*
walang ireng menclok kecubung,
mangan katul mabrunge linglung,
rupane nggantheng kalungan sarung,
ngalor ngidul nggawani penthung.

154. *Prabu Minohek*
walang kadung notholi gadhung,
walang gadhung walange rutuh,
iku penthung duduk sembarang penthung,
sekali penthung nang weteng abuh.

155. *Haryo Sadoro*
walang kekek mlebu nang sewek,
walang anyar mangani gaplek,
wong wis tuwek sik ngrayu cewek,
budhal ngamar boyoke cuklek.

156. *Nurdi Ansyah*
walang kekek walange kadung,
tuku krupuk rego sewuan,
ojo ngenyek karo iki penthung,
sekali gepuk iso ketagihan.

157. *Prabu Minohek*
ono walang melbu nang gelung,
diuber kodhok melbune nang irung,
nek wong lanang sing duwe penthung,
lha wong wedok sing duwe sarung.

158. *DJoyo Sokromo Nyruput Kopi*
walang kekek kandange wesi,
kumpul gemek walange gilo,
kenal cewek modhele seksi,
basan diumeg kog duwe ulo.

159. *Nurdi Ansyah*
walang maenan nang jero omah,
menclok kayu langsung tak gepuk,
duwe penthungan gak tau sekolah,
ketok wong ayu langsung manthuk-manthuk.

160. *Nurdi Ansyah*
walang koplo gak iso mlayu,
nggawe sewek kebelet nguyuh,
golek bojo ojo sing ayu,
senajan elek gelem diwayuh.

161. *Mahfud Hidayat*
nang Banyuwangi ngethoki kayu,
kayu sawo diencloki walang,
bengi-bengi tak kiro wong ayu,
dadak gendruwo gak nggawe kutang.

162. *Prabu Minohek*
walang kekek gak ruh omahe,
walang geni kate budhal rapat,
ayu-elek yo podho ae,
gak diingoni ditinggal minggat.

163. *Mahfud Hidayat*
sampek elek parikan walang,
judhule pancet gak ono maneh,
geger kedengkek kakehan goyang,
walange mengkeret ditinggal ngalih.

164. *Nurdi Ansyah*
mlebu pawon nggoleki walang,
krungu suarane saut-sautan,
nggawe blangkon pacakane dhalang,
dadak kerjone njogo parkiran.

165. *Wahyu Nugroho*
walang goyang walang sing kenthir,
njoget lekoh kabotan bokong,
rambut abang mergo disemir,
tiru Londo sing mari kobong.

166. *Mahfud Hidayat*
ketemu Cak Djon diuber walang,
walang ngrokok mblayu mengulon,
gawe blangkon macak koyok dhalang,
senajan brewok digandrungi babon.

167. *Haryo Sadoro*
walang kadung senengane menek,
lha nek njengking matàne rabun,
pikir bingung bojo gak enek,
mlebu jedhing ngrokoti sabun.

168. *Nurdi Ansyah*
walang wedok buntute ireng,
rambute dowo kathik kuncritan,
ngingu brewok ketoke kereng,
kenek disewo nagih kreditan.

169. *Irwan Anwar*
duwe kuku ngribeti tangan,
kate dikethok mergane panjang,
tangi turu golek panganan,
sing diemplok keliru walang.

170. *Irwan Anwar*
walang dowo dithuthuk gendul,
koyok wereng kathik nggilani,
duwe konco enak sing gundhul,
ndhik peteng-peteng iso madhangi.

171. *Nurdi Ansyah*
awak kuru jare kurang mangan,
ngombe kopi jajan diemplok,
kate turu kober parikan,
cek diimpeni walang sing brewok.

172. *DJoyo Sokromo Nyruput Kopi*
walang kekek kakehan polah,
ngemut alu angel dilarang,
wong wis tuwek kok ora genah,
bojone wolu jare sik kurang.

173. *Nurdi Ansyah*
walang kadung motone abang,
wetenge mules nyokoti sandhal,
nggawe sarung lungguhe jigang,
kroso teles diemut kadhal.

174. *Nurdi Ansyah*
walang ngguyu ketok untune,
lambe ndoweh kok persis wewe,
cewek ayu tak rangkul pundhake,
bareng noleh morotuwoku dhewe.

175. *Luk Man Asli*
mbahas walang telat rokokan,
dhingklak-dhingkluk gulune abang,
kate goyang kober fesbukan,
telat dhiluk dikancingi lawang.

176. *Mahfud Hidayat*
walang ireng nguber Miyabi,
disawat asem guyu cekakaan,
Cak Luk Man seneng bojo bukak klambi,
njupuk balsem njaluk kerokan.

177. *Prabu Minohek*
walang ijo walang gak kajen,
walang mendem mlakune mumbul,
gak duwe bojo turune ijen,
sambat adhem gak nduwe kemul.

178. *Wahyu Nugroho*
walang gendheng dirabi macan,
mergo sliring dikekno jaran,
endhas spaneng mikir parikan,
metu jedhing lali gak kathokan.

179. *Prabu Minohek*
walang sangar walang tatoan,
sikile nempel kawat memehan,
nduwe pacar anake dhagelan,
saben apel dijak parikan.

180. *Nurdi Ansyah*
walang ijo pinter jogetan,
jungkir walik karo mekangkang,
golek bojo sing pinter parikan,
gak duwe dhuwik diwacakno walang.

181. *Cak Nurdi*
parikan walang isuk lan bengi,
sampek isin ndhelik ndhik kursi,
lek wong lanang senenge rabi,
jare pingin nambah variasi.

182. *Nurdi Ansyah*
walang kekek mlungker nang dalan,
awe-awe awake jejeg,
tanggal tuwek digawekno parikan,
weteng luwe iso dadi wareg.

183. *Prabu Minohek*
walang Jowo buntute kedawan,
walang ngguling endhase mlecer,
njaluk blonjo dike'i parikan,
diantem piring endhase gocer.

184. *Prabu Minohek*
walang keplindhes endhase retak,
walang kates walang sing males,
sambat nggreges awak gak penak,
ono sms sarasen mbales.

185. *Nurdi Ansyah*
walang ijo pancen aleman,
jare biyen mangane cacing,
ditinggal bojo budhal kondangan,
turu ijen ngeloni kucing.

186. *Prabu Minohek*
walang ungu numpaki jaran,
walang kenthir walang anakan,
malem minggu awak ijenan,
cengar-cengir karo parikan.

187. *Iben Kampret Sang Pengelana*
walang kekek numpak sekuter,
mabur maneh menclok nang pager,
dadi cewek sekolah sing pinter,
besok gedhe dadi tukang wenter.

188. *Prabu Minohek*
walang puter dhodhone ireng,
walang pari enak dipeyek,
anak pinter wong tuwo seneng,
dingengeri nek awak legrek.

189. *Cak Pardan Suroboyo*
walang kayu menclok nang panci,
mrene-mrono karo awe-awe,
lanang ayu tak kiro banci,
tak tamatno Pak Dhe-ku dhewe.

190. *DJoyo Sokromo Nyruput Kopi*
walang gendheng endhase ngelu,
njaluk roti dike'i telo,
bojo meteng modhele lucu,
bokonge gedhi suwale ombo.

191. *Wahyu Nugroho*
walang kekek hobine mblarah,
nggowo bathok isine uyah,
onok cewek kakehan polah,
nggawe kathok bolong ndhik tengah.

192. *Cak Nurdi*
walang kekek kesrimpet bolah,
nang prapatan kesampluk kayu,
wong wis tuwek kakehan polah,
ngongkek pisan preine rong minggu.

193. *Prabu Minohek*
walang kekek gawe dulinan,
walang lemu awake singset,
awak legrek kakehan parikan,
ngombe jamu kliru sari rapet.

194. *Wahyu Nugroho*
walang memel jan kurang ajar,
maprak-maprak koyok jagoan,
cewek punel ndhik tengah pasar,
towo awak didol obralan.

195. *Cak Djon*
walang kekek turunan gajah,
dikabyuki swiwine nggandhol,
wong wis tuwek kakehan polah,
ditandangi dhengkule mrothol.

196. *Wahyu Nugroho*
walang males gak duwe hobi,
angin-angin ngisor wit salam,
kadhung ngembes bingung nutupi,
cek gak isin ngaku kesiram.

197. *Cak Djon*
walang kayu seneng mekangkang,
melbu njero nanggone longan,
wis gak ayu rambute abang,
teko adoh persis Megaloman.

198. *Mahfud Hidayat*
walang isin ngaku bujangan,
kate nuthuk nang wite pelem,
masuk angin kakehan parikan,
bojo ngamuk karo getem-getem.

199. *Mahfud Hidayat*
walang mabuk ngombene bir,
mibere dhuwur nyantol nang cagak,
daging empuk nang geger mlintir,
koyok jamur rasane ueeeenak.

200. *Mahfud Hidayat*
walang ijo sikile gringgingen,
dilirik semut kepingin miber,
turu nang njobo kroso kadhemen,
njukuk slimut keliru daster.

201. *Prabu Minohek*
walang Londo dowo irunge,
walang mengi kedawan jembel,
turu nang njobo gak ono kancane,
tengah wengi digondhol wewe gombel.

202. *Nurdi Ansyah*
walang kothak glundhung nang pasir,
goyang-goyang gak iso miber,
sirah buthak akeh sing ngesir,
lek disawang koyok wong pinter.

203. *Cak Djon*
kacang ijo gawe sarapan,
campur tempe gawenan Malang,
duwe bojo seneng parikan,
weteng luwe digorengno walang.

204. *Mahfud Hidayat*
walang kerik gak iso ambegan,
macak nyamar koyo pilem aksi,
bojo purik tak tinggal parikan,
kate nang kamar lawang dikancingi.

205. *Prabu Minohek*
walang mengi walange klopo,
melok wewe dadi walang Londo,
saben bengi ditinggal kerjo,
turu dhewe koyok wong rondho.

206. *Prabu Minohek*
walang kuru awake entek,
sering mabuk ngombene wishky,
tangi turu dulinan walang kekek,
bojo ngamuk aku dicetholi.

207. *Luk Man Asli*
walang Wlingi akeh sing ilang,
dicucuk manuk walange kurang,
saben bengi kancingan lawang,
bareng isuk awake warang.

208. *Prabu Minohek*
walang kekek nyemplung kalenan,
walang mengi gawe dulinan,
wong wis tuwek rabi perawan,
saben bengi engkel-engkelan.

209. *Nurdi Ansyah*
walang abang miber nang dalan,
mlayu-mlayu buntute kari,
parikan walang wis oleh atusan,
jangkep sewu iso mlebu Muri.

210. *Prabu Minohek*
walang ngamukrupane edan,
walang ngetop njungkir nang dalan,
isuk-isuk gurung sarapan,
buka laptop mikir parikan.

211. *Prabu Minohek*
walang kumat nggawe parikan,
menclok dipan ora katokan,
malem Jum'at wayah kelonan,
bojo mapan dadak sik parikan.

212. *Prabu Minohek*
walang kekek walange sono,
walang kuno gak tau loro,
wong wis tuwek bojone songo,
saben ndino nguntal ndhog kuro.

213. *Cak Djon*
walang ijo swiwine rusak,
nek sing cilik mlayune ngleyang,
golek bojo milih sing nyemanak,
gak duwe dhuwik sik pinter utang.

214. *Robby Cahyadi*
walang kekek ditaleni bola,
nggawe sewek ketok sepatune,
wonge tuwek kakehan polah,
ngguyu ngekek ceblok untune.

215. *Mas Haryo*
walang miber menclok nang kayu,
woro-woro jange ngejak buwuh,
arek pinter rupane ayu,
kepingin moro rumahnya juauuhhh...

216. *Winna Faith*
awak gerah lungguhe sendhen,
nyedhot rokok diencloki walang,
bendino njatah gak tau leren,
dhengkule koklok mlakune mbrangkang.

217. *Jeng Shari Phah*
walang kekek daginge alot,
walang loro regane nggocap,
najan tuwek tapi sik nyakot,
latihane mbukak botol kecap.

218. *Prabu Minohek*
walang kekek sikile papat,
sikile dowo gak koyok cacing,
najan tuwek tapi sik kuat,
saben ndino gawe narik pancing.

219. *Jeng Shari Phah*
walang Pujon ojo dielap,
walang Pati lungo nang Porong,
jenenge Cak Djon bathuke nggilap,
nek lampu mati iso mencorong.

220. *Jeng Shari Phah*
walang Pujon gak iso ngadhep,
walang kuru mangane rawon,
rupane Cak Djon pancene sedhep,
sabendino turu ndik pawon.

221. *Cak Djon*
walang kekek mangani kates,
melbu blumbang nyaplok kul buntek,
masi tuwek tapi sik tahes,
timbang enom tapi wis nglemprek.

222. *Luk Man Asli*
walang kekek kebledhosan mercon,
bendinane saiki nganggur,
pancen gak elek rupane Cak Djon,
tapi ngganthenge ketutup umur.

223. *Nurdi Ansyah*
walang kumat buntute ngepang,
mlaku mundur karo meringkik,
malem Jum'at kesurupan walang,
turu ngelindur sikile nylenthik.

224. *Winna Faith*
kroso nyengat ambune badhek,
bathang walang ngisore watu,
malem Jumat wayahe nguncek,
wong- wong lanang kudu ndang jamu.

225. *Cak Fud Probo*
golek walang oleh sewidak,
mati siji dipangan jaran,
bojo tak sayang langsung nggelethak,
mbukak klambi njaluk kerikan.

226. *Cak Djon*
walang kekek nanggone Ubud,
pedhot swiwine gak isok terbang,
masi tuwek tapi sik yahuud,
bendinane latihan kayang.

227. *Nurdi Ansyah*
walang ngantuk mari melekan,
mangan gedhang awake ndheteng,
bojo ngamuk ditinggal parikan,
dikancingi lawang turu ndhik gentheng.

228. *Prabu Minohek*
walang kadung jenenge walang,
kenek bom sampek terluka,
ojok bingung dikancingi lawang,
lawange mbok enom slalu terbuka.

229. *Nurdi Ansyah*
walang lorek turune mlumah,
walang kekek nang tengah sawah,
najan tuwek gak gelem kalah,
ndelok cewek sik iso obah.

230. *Luk Man Asli*
kulak gabah regane murah,
bondho gaya kerene tambah,
iso obah mergo digugah,
nek wis payah ngrikiti uyah.

231. *Prabu Minohek*
walang kekek menclok nang omah,
walang omah menclok nang ngisor,
ndelok cewek sik iso polah,
mari polah terus ndelosor.

232. *Nurdi Ansyah*
walang kekek nang tengah sawah,
sirahe ndhingkluk tersipu malu,
wong wis tuwek kakehan polah,
durung nggepuk sambatan linu.

233. *Cak Djon*
walange luwe walange kekek,
werno biru koyoke tuwek,
wong yahmene sik podho melek,
sing gak turu bojone elek.

234. *Cak Fud Probo*
walang kadung ambune wangi,
mangan jambu nang mburi omah,
krukupan sarung metune bengi,
ndhedhepi babu tonggo sebelah.

235. *Wedya Wiewied*
walang abang sipat alisan,
walang kayu sirahe ngelu,
dadi wong lanang ojo brangasan,
tunggak turu jare wong ayu.

236. *Wedya Wiewied*
walang biru ambune wangi,
tuku nongko kabehe siji,
duuh Kang Prabu sing tak kangeni,
saben teko kok ngemut driji.

237. *Winna Faith*
wulu walang nggarahi sakti,
campur wedang nggo jamu seksi,
pancen jarang jaman saiki,
onok wong lanang sing mbojo siji.

238. *Cak Fud Probo*
moto rabun kesiram uyah,
malih abang koyok werno getih,
bojo ulang tahun njaluk hadiah,
tak tukokno kutang sing gedhe sisih.

239. *Winna Faith*
gedhang ijo panganane walang,
karo klopo sing diirisi,
golek bojo ojok syukur lanang,
umpomo iso yo pegawai negri.

240. *Winna Faith*
walang mrambat nang panggon kemproh,
ojok direken cek sak karepe,
malem Jum'at bojone adoh,
nyekel teken mbayangno rupane.

241. *Winna Faith*
nemu walang rupane lesu,
nyaut buntute terus tak taleni,
mari ngudang anake turu,
ganti mbokne sing ditandangi.

242. *Cak Fud Probo*
walang beraksi ndhik njero sarung,
ngguyu ngakak nyucuki karak,
cewek seksi tutupan kudhung,
bareng dibukak tumone prayakan.

243. *Cak Fud Probo*
golek walang olehe codhot,
codhot limo gawe bancakan,
duwe utang nyaure alot,
sing nagih teko purak-purak ayan.

244. *Cak Fud Probo*
degan ijo isine ireng,
oleh songo dideleh kranjang,
duwe bojo terkadhang nggendheng,
nggoreng sego dicampur walang.

245. *Wedya Wiewied*
walang kekek mari Jumatan,
nyopot sepatu ganti klompenan,
gak kuat melek karo blingsatan,
mlebu-metu gak weruh dalan.

246. *Luk Man Asli*
walang kekek mari Jumatan,
sandhale kari ganti klompenan,
nganti mewek gak keturutan,
gak dirabi nyakari dipan.

247. *Wahyu Nugroho*
walang gumoh ambune basin,
seneng gedhang gawe sarapan,
onok dayoh Cak Lukman isin,
mbukakno lawang tepak kutangan.

248. *Raihan TheLion*
walang kekek lagi dolanan,
jempalitan kesandhung watu,
wong wis tuwek jok pethakilan,
pas gendhakan dikroyok putu.

249. *Raihan TheLion*
sing keluyuran walange Cak Wahyu,
mlayu-mlayu sampek ketok kuru,
kakehan dolan awake sayu,
awak linu enake turu.

250. *Mas Haryo*
walang ireng mangan rebutan,
walang kopo seneng mangan tebu,
areke nggantheng tapi ngentutan,
gak onok liyo jenenge Kang Prabu.

251. *Herry Lamongan*
walang kekek kejegur banyu,
kate dibalang menek wit-witan,
oleh cewek rupane ayu,
tapi sayang kedawan tangan.

252. *Cak Djon*
walang kayu wernone biru,
jamu sereramuan Jepang,
arek ayu wedi Cak Prabu,
ketok ilate bentuke ngepang.

253. *Herman Zaelany*
walang kekek menek wit klopo,
godhonge garing disuwek-suwek,
bojo tuwek gak opo-opo,
pokok sing penting sik pinter menek.

254. *Winna Faith*
ndhuwur lawang diencloki walang,
tepilen matane sing ketok mlolong,
cilik disayang digadhang-gadhang,
sedheng gedhe digowo uwong.

255. *Cak O'bloh*
walang kekek menclok nang dhodho,
tak rasak-rasakno rasane keri,
gendhakan elek ojok ngersulo,
sing penting iso nembelipanci.

256. *Jeng Shari Phah*
walang kobong ambune amis,
teko Porong kate nang Mbangil,
kabeh uwong ngarani aku manis,
akeh brondong sing podho nginthil.

257. *Nurdi Ansyah*
walang gosong kenyunyuk uthis,
sikile dowo mlakune njepat,
lek sing ngomong Mbok Pah manis,
ndang digowo nang dokter mripat.

258. *Nurdi Ansyah*
walang sawah mangani kubis,
onok kodhok endhoge limo,
Mbok Saripah pancene manis,
lek didelok teko pucuk Bromo.

259. *Luk Man Asli*
walang tengik menclok kebaya,
walang kadung miber nang Turen,
Mbok Pa asyik mlaku nang sawah,
rumongso disawang kecebur laren.

260. *Nurdi Ansyah*
walang sawah menclok nang kayu,
ketok melas kepingin gaya,
Mbok Saripah pancene ayu,
nyawang sekilas persis Luna Maya.

261. *Jeng Shari Phah*
kadung walang raine korep,
nuntun sapi katut sak tampare,
kadhung nyawang nganti gak kedhep,
ngombe kopi katut sak cingkire.

262. *Prabu Minohek*
walang sawah kulite ireng,
walang Cino digawe dhendheng,
Mbok Saripah kulite sik kenceng,
saben ndino ditarik trek gandheng.

263. *Luk Man Asli*
cuthik geni ngobongi sampah,
walang ngguyu swiwine pecah,
sopo sing wani ngenyek Mbok Pa,
langkahi dulu pulau Papua.

264. *Prabu Minohek*
walang omah gak ono buntute,
walange guling tibo gayer-gayer,
Mbok Saripah gak ono untune,
kepingin marning leren diblender.

265. *Jeng Shari Phah*
walang kekek mangani kawul,
walang njenthitmangani suket,
masio tuwek aku sik gaul,
sandhalan njinjit clonoan ngampret.

266. *Luk Man Asli*
walang kayu menclok kemiti,
werno ireng katene mati,
rumongso ayu jeneng diganti,
joko gantheng cekno memeti.

267. *Prabu Minohek*
walang omah wernone ireng,
masi mringis yo pancet ireng,
Mbok Saripah diganti jeneng,
cek rodok mbois diganti Ajeng.

268. *Nonot S Mono*
walang klopo duduk walang kekek,
rengeng-rengeng karo kukur-kukur,
jare sopo Wahyu tuwek elek,
lha wong gantheng koyok tuwan Takur.

269. *Luk Man Asli*
walang mlumah dientup kepik,
mangan srabi dadine owah,
Jeng Shari Phah jeneng sing apik,
opo'o ganti jeneng Jengaphah.

270. *Wahyu Nugroho*
walang kekek endhase ngelu,
koyoke mati tapi kok mangap,
sewengi melek moto gak turu,
ngombe kopi keliru kecap.

271. *Wahyu Nugroho*
walang situk awake kuru,
kurang mangan mek ngombe banyu,
moto ngantuk kepingin turu,
katene mapan dikongkon ngangsu.

272. *Cak Djon*
peteng-peteng mibere ndhangak,
walang kekek nabrak nang tembok,
weteng luwe gak duwe iwak,
bothokan tekek langsung diemplok.

273. *Luk Man Asli*
walang Isyak ngenteni Subuhe,
walang gemek miber kecanthol,
gak duwe iwak budhalo mrene,
onoktempe remek arane mendhol.

274. *Cak Djon*
walange kekek gak duwe anak,
miber mrono nggowo belanak,
rupane elek gak jowo nang bapak,
weruh ngono biyen ditungkak.

275. *Nurdi Ansyah*
pencolotan walange kadung,
nyemplung banyu nutupi irung,
kate parikan kok malih bingung,
mendhing turu krukupan sarung.

276. *Nurdi Ansyah*
walang kekek walange kadung,
iwak teri sambele trasi,
wong wis tuwek sik doyan ambung,
untune keri nyantol nang pipi.

277. *Luk Man Asli*
walange moro miber nang kamar,
kamar dibukak isine gabah,
siji Suro taune anyar,
keris sing mangkak podho diumbah.

278. *Nurdi Ansyah*
walang loman nggawe kocomoto,
pingin aksi rambut didawakno,
ngumbah gaman malem siji Suro,
lek wis mari pipihen nang njobo.

279. *Nurdi Ansyah*
walang sadis tego nang konco,
werno kuning jare kenek sumbo,
ngumbah keris malem siji Suro,
lek wis garing ndang disetriko.

280. *Nurdi Ansyah*
walang kekek ingonane dhukun,
buntute dowo menek nang ondho,
durung tuwek kok yo wis pikun,
kadhung mudo kliru jedhinge tonggo.

281. *Nurdi Ansyah*
walang damen koyok Pinokio,
ireng buntute sikile limo,
kepingin keren ngaku Antonio,
jeneng asline dadak Paimo.

282. *Prabu Minohek*
walang kekek walang memeti,
walang bingung iso tekan Bandung,
polae tuwek ngakune sakti,
mencolot wuwung tibo gelundhung.

283. *Luk Man Asli*
walang kalkun digoreng mentego,
ambune nyengat kakehan klopo.
aku pikun mergo nelongso,
ditinggal minggat rai tak sumbo.

284. *Prabu Minohek*
walange dhukun dicolong maling,
miber nang sawah dipangan kucing,
Cak Lukman pikun gak iling-iling,
nyeluk Mbok Pah dadak my darling.

285. *Prabu Minohek*
walang nogosari kenek gelati,
walang Pujon notholi peyek
nang Purwosari lampune mati,
Cak Wahyu kelon karo walang kekek.

286. *Wahyu Nugroho*
walang garing mergo kaliren,
angel ngentut kesumpel gombal,
ketok mrecing Bang Djon gayaren,
nguntal baut untune rompal.

287. *Nurdi Ansyah*
walang biru notholi tebu,
methik godhong sing werno lorek,
awak kuru rabi sing lemu,
kongkon nggendhong dhengkule cuklek.

288. *Cak Djon*
pupus janur wis bolong-bolong,
walang adus gak isok kosokan,
lulusan Menur terus nang Porong,
nek wis lulus melbu nang parikan.

289. *Prabu Minohek*
walang kekek melbu nang kerdhus,
meneisuk kate diparani,
wong wis tuwek gak tau adus,
nduwe manuk gak diopeni.

290. *Prabu Minohek*
walang kluruk madhep nang ngetan,
madhep ngetan karo nggowo teken,
isuk-isuk sarapane ketan,
mari mangan ditapuk klompen.

291. *Luk Man Asli*
walang kluruk podho penclokan,
terus miber nang panggonane,
saben isuk mbahas badhokan,
aku ngiler karepe dhewe.

292. *Wedya Wiewied*
walang biru krubutan sarung,
kroso legrek nek ati bingung,
nang Kang Prabu akeh sing nggandrung,
nadyan elek gak duwe irung.

293. *Prabu Minohek*
walang dolan menclok nang sawit,
menclok creme karo pencolotan,
bab badhogan serahno Mbak Wiwit,
pancen dhekne ahli badhogan.

294. *Wedya Wiewied*
walang jagoan koyo supermen,
awake kuru karo gak klamben,
pancen Cak Lukman uwonge kweren,
saben turu ilere sak amben.

295. *Sang Pujangga*
walang klawu gak iso miber,
suwiwine ketok kecanthol,
lek Cak Prabu pancene pinter,
parikane nggarahi ngompol.

296. *Sang Pujangga*
walang kayu menclok nang pupu,
klewa-klewo njaluk disayang,
kudu guyu ndelok Cak Prabu,
gulune dowo persis koyok walang.

297. *Wahyu Nugroho*
walang rangen ajur gak karuan,
saiki garing kenek panasan,
kepilengen mikir parikan,
metu jedhing lali gak kathokan.

298. *Cak Djon*
walang kekek budhale awan,
wis jam siji hawane panas,
wong wis tuwek sik golek prawan,
bareng diladeni jare gak tedhas.

299. *Sang Pujangga*
walang aneh sirahe gedhi,
mlayu metu wedi dipateni,
bedo maneh karo cak Nurdi,
wonge kemayu nganggorok mini.

300. *Wahyu Nugroho*
walang ijo terkekeh-kekeh,
walang kekek mari digasak,
Bang Djon kajo bojone uwakeh,
pating tlecek sak taeke ndhayak.

301. *Nurdi Ansyah*
walang buthak mari digundhuli,
mlaku brangkang mari diterak bis,
pancen enak nggawe rok mini,
lungguh methingkrang rasane isis.

302. *Nurdi Ansyah*
walang kekek gak iso muni,
lungguh ndhodhok sikil gringgingen,
Prabu Minohek nggawe rok mini,
lek sing ndelok iso sawanen.

303. *Wedya Wiewied*
walang buthak gawe baju kurung,
ndhase gundhul koyok kate ngglundhung,
pancen penak nek gawe sarung,
ngalor ngidul koyoknggembol penthung.

304. *Wahyu Nugroho*
walang kopros males sikatan,
ambu bathang campur banyu got,
bokong tepos angel kendhitan,
wis dicancang sik mlorat-mlorot.

305. *Luk Man Asli*
walang koplak tak slentik muni,
muni ceplak banter gak karuan,
numpak becak nggawe rok mini,
Ning Widya mencak lalere bancakan.

306. *Wedya Wiewied*
walang koplak tak slentik muni,
jendhul-jendhul jarene wedi,
numpak becak sing mancal Cak Nurdi,
pating grandhul slerekane lali.

307. *Prabu Minohek*
walang kurdi gak duwe bolo,
nemplek nang lem rambute brondhol,
Cak Nurdi lali gak gawe clono,
kate narik rem keliru narik kentol.

308. *Prabu Minohek*
walang wedok matane mlorok,
ketok untune menclok nang uwit,
Cak Lukman ndhodhok gak gawe kathok,
wong kathoke digawe Mbak Wiwit.

309. *Wedya Wiewied*
walang biru lungo nang pasar,
ngguya-ngguyu gak nggawe sandhal,
nek Kang Prabu dudu wong kasar,
saben turu senengane nyendhal.

310. *Luk Man Asli*
walang kabur miber nang Kendal,
liwat segoro ndhukure kapal,
ndhuwur kasur Kang Prabu nyendhal,
diinceng tonggo dibalang sandhal.

PERPUSTAKAAN
BALAI BAHASA
PROVINSI JAWA TIMUR
Jalan, Siwalanpanji, Buduran, Sidoarjo

311. *Nurdi Ansyah*
walang koplak mripate abang,
menek ondho ngundhuh kelopo,
paling enak dadi wong lanang,
masi dhudho iso ngaku joko.

312. *Nurdi Ansyah*
walang wudo menclok jendhelo,
awake puret mari kejiret,
rabi rondho gak usah ngersulo,
kepingin seret kathoke disrimpet.

313. *Nurdi Ansyah*
walang-walangan gak walang temenan,
ngingu babi sampek atusan,
sik pacaran sayang-sayangan,
bareng rabi pisuh-pisuhan.

314. *Nurdi Ansyah*
walang blurik seneng pencolotan,
dadak tibo awake sigar,
joko cilik belajar pacaran,
golek sing tuwodigawe blajar.

315. *Jeng Shari Phah*
walang burik walang umbaran,
mangan manisan sampek semburat,
joko cilik lagi blajaran,
lagek pemanasan mengine kumat.

316. *Prabu Minohek*
walang kekek menclok nang babi,
kodhok mewek kulite inpeksi,
wong wis tuwek sik doyan rabi,
golek sing elekdigawe koleksi.

317. *Prabu Minohek*
walang kekek ngombene dhawet,
direbut manuk sampek keseret,
masiyo tuwek jarene sik seret,
sebab lek isuk sarapan sepet.

318. *Yupe Cantique*
walang kekek menclok nang godhong,
ndhase ngelu pindhah nang karpet,
wong wis tuwek kakehan omong,
ketemu aku tak jepret karet.

319. *Abdul Rahman*
walang kadung menek ndhik karpet,
sirah ngelu kadhung kepepet,
ojo wani-wani katene njepret,
iso tak ulu koyo permen karet.

320. *Wedya Wiewied*
walang abang gawe klambi biru,
pethuk karpet kok mapan turu,
bila abang bilang ai lap yu,
aku kaget langsung loro untu.

321. *Wedya Wiewied*
walang kekek ngombene dhawet,
tambah pokak nang weteng mlelet,
wong wis tuwek sik seneng ngebet,
kawit mbukak tibo kesrimpet.

322. *Nurdi Ansyah*
walang mlorok mari kelaran,
kadhung njengat kok persis terong,
lek wong wedok gawe sasaran,
tinggal minggat nang nggone Hongkong.

323. *Nurdi Ansyah*
walang menclok ndhukur wuwungan,
moro mati dirubung laler,
dadi wong wedok kudu sing nriman,
gak diblanjani nggadhekno daster.

324. *Nurdi Ansyah*
lungguh ndhodhok nirokno walang,
dino minggu enak parikan,
onok wong wedok seneng begadhang,
njogo gerdhu dulinan kenthongan.

325. *Wedya Wiewied*.
walang keri mari kilenan,
kupinge jemek klebonan klanggrang,
nek Cak Nurdingaku jagoan,
disenggol cewek lari tunggang-langgang.

326. *Wahyu Nugroho*
walang kompor angel kandhanane,
nek diceluk koyok wong mengong,
kaos kombor tapi cek tipise,
tepak ndhingkluk pating gemblantong....

327. *Herry Lamongan*
lungguh jigang ngisor wit anggur,
sikil loro dislentik walang,
bentuke mbikang kok suwek mujur,
kenek opo ganok sing malang.

328. *Jeng Shari Phah*
walang keri teko Surabaya,
walang katrok digawe slilit,
nyawang kang Heri pancene gaya,
dijak andok langsung ngitung duit.

329. *Wedya Wiewied*
golek kencur digawe jamu,
grayah-grayah kesupit yuyu,
barang mujur jare gawe rindu,
nek melumah koyo keong turu.

330. *Wahyu Nugroho*
kongkon dhukun sangu walang kekek,
nggowo kendhi karo nggowo termos,
Bang Djon pikun pancen wis tuwek,
macak banci lali nyukur brengos.

331. *Raihan TheLion*
kayu kembang digawe teklek,
tibo njungkel mripate njepat,
parikan walang gak entek-entek,
walange pegel gak wani sambat.

332. *Prabu Minohek*
walang parkiran lungo nang Ndoli,
melbu beras ketok buntute,
mikir parikan rambut mbrondholi,
kate keramas sampone diombe.

333. *Cak Djon*
walang racun pancen gak uenak,
sego sak bathok ojok dikemah,
sepuluh tahun gak duwe anak,
mergo sing wedok kakehan polah.

334. *Sang Pujangga*
walang brewok menclok nang sirah,
walang biru menclok nang tungkak,
nek wong wedok kakehan polah,
kekno Cak Prabu dijamin manak.

335. *Prabu Minohek*
walang kekek miber nang wangan,
walang ndomble mari kepidek,
onok wong tuwek senengane mangan,
lali ngombe nganti keselek.

336. *Cak Djon*
Walang kekek hinggap di cerme,
nemplek nang gedheg dipangan asu,
wis kadhung ngekek mangap cangkeme,
napase sesek klelegen untu palsu.

337. *Raihan TheLion*
walang ngalem menek ndhas-ndhasan,
nggawe blangkon gak duwe rambut,
howo adhem katene udan,
sing enak kelon kemulan brukut.

338. *Cak Nurdi*
walang gondrong rambute ireng,
sikile dowo ketabrak boto,
sopo ngomong lek Cak Djon nggantheng,
ndang dipriksakno nang dokter moto.

339. *Wedya Wiewied*
walang kekek ora kathokan,
tibo mengkureb ndhik tengah dalan,
nadyan elek pokok pinter goyang,
kurang manteb cepitno lawang.

340. *Wedya Wiewied*
walang kekek mangani kweni,
dipangan set nang lambe gatel,
wong nek tuwek jelasndrawasi,
kawit dipepet watuke kekel.

341. *Wedya Wiewied*
walang cilik manggangi jagung,
nang ngarep pawon jagunge gosong,
malang kerik barange manggung,
dientup tawon dikiro lonthong.

342. *Robby Cahyadi*
walang kekek kok betah melek,
turu diluk karo mendelik,
wonge tuwek ngguyune ngekek,
watuk-watuk tibo njempalik.

343. *Prabu Minohek*
walang kluruk walange ucul,
walang prawan duduk walang kekek,
isuk-isuk sarapane thiwul,
rodok awan mangan sego gaplek.....kere!

344. *Luk Man Asli*
walang kethul miber gak seken,
mbalik mulih liwat tegal gandum,
sarapan thiwul Cak Prabu ceguken,
bingung ngombe nyebur akuarium.

345. *Cak Djon*
walang kekek tibo kejengkang,
ndhangak-ndhangak ketiban kayu,
rabi sing elek supoyo tenang,
ndadak gayane ngalahno sing ayu.

346. *Prabu Minohek*
walang teken menek kelopo,
walang njengking ketok buntute,
oleh seken yo gak opo-opo,
wong sing penting ono nyowone.

347. *Wedya Wiewied*
walang saru gampang ngamukan,
mesisan loro dibentusno lawang,
nadyan kuru pokok lumayan,
asal iso njebolno gawang.

348. *Kenari Alas*
walang kekek kakehan polah,
mangan tempe ambek mencak- mencak,
elek-elek yo gak masalah,
pokok umure gak nganti swidak.

349. *Nonot S Mono*
walang kekek seneng diumek,
motone mlolok cangkeme nyaprut,
masio tuwek tapi jik sterek,
akeh wong wedok podho kepincut.

350. *Robby Cahyadi*
walang kekek nyemplung kalenan,
mangan opak untune gowang,
wonge tuwek gampang keselan,
kate numpak sik leren ngudang.

351. *Sang Pujangga*
walang kekek mangkat sekolah,
duwe konco lha kok kemayu,
parikane elek ora masalah,
nek diwoco maraknongguyu.

352. *Wahyu Nugroho*
walang gembeng kringete asin,
teles-kebes banyu matane,
wong nek hombreng gak duwe isin,
seneng mrekes podho lanange.

353. *Wahyu Nugroho*
walang ngluthus metune bengi,
golek tandhak gak leren-leren,
weteng murus mangan rujak legi,
sing dirujak kembange amben.

354. *Wahyu Nugroho*
walang ledheh nyucuki trasi,
mlebu irung gak iso sisi,
bojone uwakeh gak iso ngatasi,
Bang Djon bingung malih macak banci.

355. *Wahyu Nugroho*
walang dlahom awake legrek,
ketok kuru belunge mingslih,
masi enom praene elek,
athuk sing ayu masiyo sugih.

356. *Cak Djon*
walang kekek klelegen neker,
nang ngisor wringin rupane melas,
wong wis tuwek nguyuhe gak banter,
kok sik pingin rabi ping sewelas.

357. *Cak Djon*
akeh angin nggoyangno kayu,
walang kekek sikile nggeder,
saking kepingin karo wong ayu,
bojo sing elek ditutupi poster.

358. *Cak Djon*
walang kekek kok nguber gethek,
gak nyangoni ketoke mbidheg,
wong wis tuwek sik kober ngethek,
nek ditemeni awake ndhredheg.

359. *Cak Djon*
ngombe sinom wetenge wareg,
walang kekek napase ampek,
ndelok sing enom awake jejeg,
nek sing tuwek wis ketok nglimprek.

360. *Wahyu Nugroho*
walang toro mibere banter,
nembus mego nang awang-awang,
awak loro prikso nang dokter,
mari prikso tak bayar walang.

361. *Cak Djon*
walang kayu metune bengi,
pas melumah dicaplok kodhok,
nek Cak wahyu mulai ngrangsemi,
deloken irunge lak tambah mekrok.

362. *Luk Man Asli*
walang kemeng walang tandulan,
langsung nyelbu liwat balongan,
mulai maeng Mbah Jon ijenan,
muncul Cak Plabu sambat bolongan.

363. *Prabu Minohek*
walang sunat walange kekek,
walang manak karo mbok tuwek,
lek malem Jumat gawe-o sewek,
supoyo penak lek katene menek

364. *Kenari Alas*
walang kekek kok menek-menek,
menek klopo awake rutuh,
katene hohohihek pas nggawe sewek,
ditakoni morotuo njawabe buwuh.

365. *Luk Man Asli*
walang kekek sing anti cewek,
seneng nyebut koyok wong tuwek,
kate hohohihek kok gawe sewek,
seweke katut melbu nang cowek.

366. *Nurdi Ansyah*
walang siji gak duwe konco,
walang sangit lambene ngowos,
kate rabi oleh sing tuwo,
kaetnyopot jarit wis menggos-menggos.

367. *Nurdi Ansyah*
walang ambyar dadine telu,
menclok kayu wite kelopo,
duwe pacar awake lemu,
gak iso mlayu yo diglundhungno.

368. *Prabu Minohek*
walang sangar senengane turu,
turu methenthengilere mblambang,
nduwe pacar awake kuru,
lek dibonceng kokkoyok walang.

369. *Wedya Wiewied*
walang sangar gak duwe untu,
lambene penceng bekas perbanan,
duwe pacar awake lemu,
saben dibonceng mbeledhosno ban.

370. *Aak Bayaxz*
walang kekek walange ungu,
menclok kali ndhukure watu,
duwe cewek awake lemu,
saben bengi gawe latihan tinju.

371. *Aak Bayaxz*
walang kekek menclok nang sewek,
dipangan kodhok tugel awake,
duwe cewek umure wis tuwek,
arep nyipok klelegen susure.

372. *Wedya Wiewied*
walang kekek walange kadung,
nggawe sewek karo kerudhung,
wong wis tuwek sik seneng gandrung,
kawit nyenggek tibo nggelundhung.

373. *Aak Bayaxz*
walang kekek walange sangit,
mlebu clono kaine bolong,
duwe cewek koyok Wedya Wiewied,
saben dino dipakani godhong.

374. *Aak Bayaxz*
walang kekek walange sangit,
dicucuk manuk koyok dhagelan,
duwe cewek koyok Wedya Wiewied,
saben isuk sarapan omelan.

375. *Nurdi Ansyah*
walang kekek mati kecepit,
ndelok tipi lungguh nang bangku,
nduwe cewek modhel Ning Wiwied,
saben bengi njaluk dipangku.

376. *Prabu Minohek*
walang wedok melbu nang kendhi,
walang mengi males klambenan,
nduwe cowok modhel Cak Nurdi,
saben bengi ditinggal parikan.

377. *Prabu Minohek*
walang wedok gak nggawe sayak,
walang tangi endhase gocer,
nduwe cowok modhel Cak Bayak,
saben bengi ditinggal ngecer.

378. *Aak Bayaxz*
walang peyok ndhukure cowek,
arep dithuthuk banter mibere,
duwe cowok koyok Prabu Minohek,
saben isuk ngumbah ompole.

379. *Nurdi Ansyah*
walang koplak menclok nang kayu,
mangan lemper gak athik bumbu,
pancen enak waktu dipangku,
ngiyer-ngiyer nyucupi gulu.

380. *Prabu Minohek*
walang peyot miber nang Gempol,
walang blarah nggoleki mbokne,
ojok repot nek ngumbah ompol,
timbang diumbah mendhing dipeme.

381. *Prabu Minohek*
walang ireng melbu omahku,
walange dowo kakehan manak,
Cak Nurdi seneng waktu dipangku,
dhekne nggowo dhongkrake becak.

382. *Aak Bayaxz*
walang kluruk mlakune mencak,
pedhot sikile kakehan gaya,
iku mono duduk dongkrak becak,
iku jenenge anten parabola.

383. *Aak Bayaxz*
walang wungu oleh nang sawah,
digepuk pedhang sirahe pusing,
cewek lemu turune mlumah,
yen disawang persis swike goreng.

384. *Nurdi Ansyah*
walang mlebu nang nggone masjid,
menclok mburi nyucuki tape,
lek Cak Prabu mbantu Ning Wiwied,
yo wis mesti onok karepe.

385. *Wahyu Nugroho*
walang kekek didadekno sewu,
dithithili thithik nggang thithik,
dhuwik entek nang endhas ngelu,
lungguh ndhingklik ndhedhepi pitik.

386. *Aak Bayaxz*
walang ungu tibo kecepit,
walang sunduk pedhot swiwine,
nek Gus Prabu nyedheki Ning Wiwit,
iku mono njaluk kerokan gegere.

387. *Aak Bayaxz*
walang kekek walange biru,
awake tepar kecanthol sono,
gak duwe dhuwik gak usah ngelu,
mlebu kamar yo ngedol clono.

388. *Aak Bayaxz*
walang kekek walange ungu,
nemu ndhik sawah angel nangkepe,
gak duwe dhuwik gak usah ngelu,
nango Mbah Pah selangen susure.

389. *Sang Pujangga*
walang sangit mabur nang pager,
gak iso bali tibo njempalik,
brengos nylirit iso kanggo tenger,
mlebu nang Dollygak kiro ditarik.

390. *Mbok ShariPhah*
walang putih walange bogang,
rasane kecut iku pencit podhang,
kepingin sugih perkoro gampang,
pajangen kancut ndhik ngarep lawang.

391. *Nurdi Ansyah*
walarıg kekek buntute abang,
pinter goyang karo awe-awe,
ojo ngenyek karo wong lanang,
sebab wong lanang setrume gedhe.

392. *Aak Bayaxz*
walang putih ambune kecut,
pas nang sawah diuntal marmut,
pingin sugih dikei kancut,
digowo nang omah akeh wong semaput.

393. *Andylo Numpak Dokar*
ono walang diuntal pocongan,
pocongane disruduk wedhus,
kadhung mbrangkang golek bolongan,
jebul bolongane klebonan tikus.

394. *Aak Bayaxz*
walang putih metu Jemuah,
kelayapan gak duwe wedi,
pancen sakti sewekeMbah Pah,
sing kambonan langsung gak tangi.

395. *Mbok ShariPhah*
walang kekek mangan cemeti,
lambe mrongos ngecapi tetel,
sewek elek marahi sakti,
dilapno brengos iso malihketel.

396. *Cak Djon*
bathang walangojok diincipi,
mambu badhek rupane mambu,
tau nyobak ndhasku tak olesi,
dadak sing ngadek kok malah drijiku.

397. *Aak Bayaxz*
walang mrongos mangan keciput,
walang sawah mangane lemah,
dilapno brengos metune rambut,
dilapno sirah metune cambah.

398. *Andylo Numpak Dokar*
walang kekek menclok nang bupet,
tibo kepengkok dhengkule mbendhul,
wong wis tuwek lipenan cet,
sing dicipok lambene mbentul.

399. *Wahyu Nugroho*
walang ngrintih ketusuk gedhang,
pringas-pringis tapi gak sambat,
rambut putih disemir abang,
ketok mbois koyok arbanat.

400. *Rito Aji Full Suroboyoan*
walang kayu menclok nang tlethong,
walang ngompol ngguyu kemekelen,
rupane ayu wetenge mbedhodhong,
guayane pol koyo wong gatelen.

401. *Wedya Wiewied*
walang mules kakehan pedhes,
walang katrok kentekan obat,
wong lanang ngenes gak iso ambles,
lha wong kathok dijahit bendrat.

402. *Wedya Wiewied*
walang judhes irunge mbangir,
mari ngeplak lambene nyungir,
kate diprekes wis cengar-cengir,
kliru landhak isin langsung ngacir.

403. *Luk Man Asli*
walang kemayu walang sing kenthir,
nek kroso ngelak nyucupi es puter,
akeh wong ayu klambi mutakhir,
suwalan cekak niru Tom Raider.

404. *Luk Man Asli*
walang kekek walang nang dalan,
miber muntir swiwine suwek,
rumongso elek klambi transparan,
kliwir kliwir teko tas kresek.

405. *Wedya Wiewied*
walang gagah klambian ireng,
saben obah swarane nggereng,
ketok gagah tur rodok nggantheng,
ning sayange gur iso mentheleng.

406. *Kenari Alas*
walange dhewe kok dadi ireng,
onok sungute swiwine njengat,
jelas ae iso mentheleng,
iku sebabe onok cewek liwat.

407. *Cak Djon*
walang asem ngrakoti uwit,
miber dhuwur nang ndhukure jip,
aku kesengsem ndelok Ning Wiwit,
cucuke mencur lambene lincip.

408. *Kenari Alas*
walang wandu iso munggah jip,
ketok aneh gak pati jelas,
wulune biru cucuke lincip,
iku malih sejenis unggas.

409. *Prabu Minohek*
walang kekek walange ceking,
golek walang ndhik peteng-dhedhet,
onok wong tuwek kok gawe legging,
lek disawang koyok buntelan lepet.

410. *Luk Man Asli*
walang ndlahom cucuke lincing,
mibere kari pedhot tangane,
tuwek enom seneng gawe leging,
nek teko mburi gak onok bedane.

411. *Wahyu Nugroho*
walang cluthak lungguh methingkrang,
lungguh kursi sikile seyek,
endhas buthak kuplukan abang,
teko mburi koyok permen kojek.

412. *Prabu Minohek*
walang kekek posisine center bek,
walang bek mburi ngentekno suket,
wong wes tuwek koq gawe sepandek,
digawe nutupi kulit sing lungset.

413. *Kenari Alas*
walang siji lungguhe njengking,
ganti mekokok nduduhno gayane,
ancen sak iki usume legging,
cekno ketok body asline.

414. *Prabu Minohek*
walang pari bodine ceking,
gedhe ndhase mari kenek palu,
Cak Kenari seneng gawe leging,
alasane nggo nutup panu.

415. *Wahyu Nugroho*
walang kekek bingung anake,
pontang-panting gak nemu-nemu,
Bang Djon golek bojo sak onoke,
jare sing penting gak usus buntu.

416. *Wahyu Nugroho*
walang kekek kurang limangatus,
bek menowo iso dadi sewu,
elek tuwek sarasen adus,
ambu lowo campur ampas tahu.

417. *Prabu Minohek*
lek walang kekek iso punjul sewu,
jare Cak Wahyu kate bancakan,
kenal cewek gundhul ping telu,
areke ayu koyok Cak Pardan.

418. *Cak Pardan Suroboyo*
walang kekek sobone sawah,
walang kadung dipangan lele,
lanang tuwek kakehan gaya,
clonoan landung niru Elvis Presley.

419. *Cak Pardan Suroboyo*
walang kekek diguyu babi,
walang kadung moro ngantemi,
bujang tuwek gak payu rabi,
sekali gandrung pingin ndhekemi.

420. *Aak Bayaxz*
walang kekek wernanya abang,
arep dikepruk tambah cengingisan,
kenal cewek modhele lanang,
seneng cangkruk karo rokokan.

421. *Luk Man Asli*
walang watu menclok nang tumbu,
tumbune glindhing walange metu,
wonge ayu kok anake telu,
tujune takgendhing kok melok aku.

422. *Cak Djon*
walang garing kakehan ndoprok,
nek medeni swarane ngewes,
awak bungkring kakehan ngrokok,
saben bengi dienteni dares.

423. *Luk Man Asli*
walang ucul teko panggone,
walange misuh ketabrak tembok,
ndhasku gundhul akeh uwane,
koyok mari lungguh ngisor wit klampok.

424. *Kenari Alas*
walang ngguyu ndhik njero jedhing,
klelegen garpu mari mangan soto,
lha nek aku sing gawe leging,
lha bojoku terus gawe opo.

425. *Kenari Alas*
walang tuman kakehan ngrintih,
dikepruk boto menclok nak lumpang,
jare Cak lukman rambute putih,
iku ngono kakehan goyang.

426. *Luk Man Asli*
walange ndhodhok gak duwe bareng,
barang wis bengi walange ndheprok,
kakehan rokok lambene ireng,
ambegane mengi unine ngik-ngok.

427. *Nonot S Mono*
walang jambu rupane mangkak,
glinak-glunuk mlakune telat,
awak lemu kakehan njeglak,
masio gak ayu sing penting sehat.

428. *Luk Man Asli*
krungu unine apik swarane,
walange isin karo gayane,
sehat bodine ketel wulune,
dijak nang bonbin akeh kembarane.

429. *Kenari Alas*
walang kuru tapisemangat,
disawat watu ngeneki jambu,
bojo gak ayu pokoke sehat,
lek pingin ayu dipupuri trigu.

430. *Nonot S Mono*
walang kadung gandholan sepur,
slothange pedhot ngepok ndhik ndhukur,
sugih konco yo sugih dulur,
masi gak nyopo sing penting akur.

431. *Luk Man Asli*
walang medayoh disuguhi bubur,
entek limo turune nglindur,
sugih dunyo ngutangi dulur,
sing penting ojo seneng selikur.

432. *Aak Bayaxz*
walang kekek pedhot swiwine,
dikepruk pedhang matine ngambang,
wong wis tuwek akeh modhele,
rambute abang persis kemamang.

433. *Aak Bayaxz*
walang kekek gak iso miber,
arep mangan gak duwe untu,
nek wong tuwek seneng seng nggayer,
dike'i pisan irunge buntu.

434. *Nurdi Ansyah*
walang kayu menclok nang cengkir,
miber ngilang nggoleki bojo,
pacar ayu irunge mbangir,
disawang sawang persis Pinokio.

435. *Kenari Alas*
walang ijo menclok wit pari,
diguyang kopi disaut percil,
duwe bojo dadi pulisi,
saben bengi aku dikon bedhil.

436. *Luk Man Asli*
walang jamu nambani pilek,
irung buntu pipine pacek,
pacar lemu awake menthek,
klambi tas tuku saiki sesek.

437. *Luk Man Asli*
walang pasar mibere muter,
melbu bolongan tibo melungker,
duwe pacar doyan komputer,
sugih borongan drijine nyekuther.

438. *Pak Dhe Dharmo*
walang kekek mangane rumput,
walang mangap wernane ijo,
wong wis tuwek gak duwe sebut,
ditinggal nglayap lali anak bojo.

439. *Dhitta Conny Chairunnissa*
walang pasar tibo mak gedebuk,
tuku clono nang pasar Blauran,
duwe pacar hobine facebook,
saben dino sobo grup parikan.

440. *Pak Dhe Dharmo*
walang pasar tibo mak gedebuk,
loro mengi angel ambegan,
duwe pacar hobine facebook,
saben bengi nglumpukno gendhakan.

441. *Luk Man Asli*
walang mekar njalukan jatah,
pingin blangkon budhal nang plasa,
duwe pacar koyo mbak Ditha,
masio gak takon njawabe BISA.

442. *Winna Faith*
mlayu ngetan diuber walang,
mlebu gerdhu wedi gendruwo,
aku heran ndelok wong lanang,
ketok wong ayu mripate ijo.

443. *Irwan Anwar*
walang edan ndik pinggir sawah,
disawat mercon gak gelem mabur,
duwe gendhakan ngaku kuliah,
dadak ketemon ndik RSJ Menur.

444. *Luk Man Asli*
walang sore kepingin wani,
pas wayah bengi gawe rok mini,
weteng luwe jaluk dipakani,
lalap kemangi campur suket teki.

445. *Luk Man Asli*
walang kembung kakehan cap jiki,
tolek pengasih sarate siji,
aku mbambung akeh sing goleki,
nek aku sugih podo misuhi.

446. *Aak Bayaxz*
walang ijo walange mambu,
kulakan tempe nang kutho Malang,
duwe bojo awake lemu,
kenek digawe ganjele lawang.

447. *Kenari Alas*
walang ijo kabehe pitu,
menclok cagak ketoke akeh,
duwe bojo awake lemu,
nek mblanjani ojok akeh-akeh.

448. *Aak Bayaxz*
walang ijo walange ndhangak,
sore-sore puthul swiwine,
duwe bojo potongan mohak,
kenek digawe sikate wece.

449. *Aak Bayaxz*
walang ijo wulune prothol,
mangan tetel ndhukure bantal,
duwe bojo bekase manol,
awake mrengkel kenthonge sak rudhal.

450. *Kenari Alas*
walang ijo notholi singkal,
mari mangan gulune belang,
duwe bojo kenthongan sak rudhal,
jane bojo pean wedok tah lanang.

451. *Nurdi Ansyah*
walang siji kok dadi papat,
mambu wangi menclok nang papan,
tak titeni saben malem Jumat,
jam pitu bengi wis pamit mapan.

452. *Nurdi Ansyah*
ndelok wayang sangu sego bungkus,
munggah ndhukur sindhene ngguyu,
parikan walang entuk nem atus,
monggo dulur dijangkepno sewu.

453. *Irwan Anwar*
walang kekek kaosan lorek,
mecah klopo kate disanten,
cewek elek ojok kemenyek,
tak dungakno tambah brengosen.

454. *Irwan Anwar*
walang kekek disawat areng,
kenek tangane pulih canthengen,
kaosan lorek rupane kereng,
digetak bojone ayang-anyangen.

455. *Nurdi Ansyah*
walang mengi mangani kreco,
walang kenthir gak doyan roti,
bengi-bengi dolin nang konco,
lha kok mampir nang Bangunsari.

456. *Nurdi Ansyah*
walang ngalem keplindhes dhokar,
miber ngetan nyemplung nang kali,
ojok gelem dijak Cak Anwar,
saben mangan njaluk dibayari.

457. *Irwan Anwar*
walang wedok ketiban bathok,
mlayu ndhusel ndhik wite asem,
bojo nggondhok moro dicipok,
diteplok sambel gak iso mingkem.

458. *Luk Man Asli*
walang penclokan ndhukure jimat,
aboh tangane weteng keluwen.
sing parikan pas malem Jum'at,
iku tandhane lek turu ijen.

459. *Herry Lamong*
walang kekek abang gulune,
mumbul ngidul numpak pesawat,
bojo lemu enak rasane,
diwolak-walik gak kiro sambat.

460. *Prabu Minohek*
walang kumat walang nang dalan,
dipangan iwak karo garangan,
malem Jum'at awak ijenan,
apese awak bojo halangan.

461. *Luk Man Asli*
walang tambeng kelangan tangan,
gak iso ngadek digondhol wewe,
nggereng-nggereng tak kiro macan,
tibake umek karepe dhewe.

462. *Mahfud Hidayat*
walang kekek sampek mbelenger,
ngalor-ngidul kabeh wis dibahas,
digoyang ngongkek karo muter-muter,
endhas sing gundhul sampek koyok amplas

463. *Wahyu Nugroho*
walang cilik pinter sulapan,
nyulap endhog dadi keciput,
tak tinggal dhisik katene mangan,
nek gak mbadhog wedi semaput.

464. *Nurdi Ansyah*
parikan walang sampek mbelenger,
walang ndadi awake bunder,
goyang-goyang karo muter-muter,
jare nuruti sarane dokter.

465. *Mahfud Hidayat*
walang kayu nang jero kendhi,
nek sing ireng mangane jagung,
pethuk Cak Wahyu nggandheng Cak Nurdi,
bareng tak inceng tarik-tarikan sarung.

466. *Mahfud Hidayat*
walang loro budhal perikso,
disuntik dokter mek mesam mesem,
bojo lungo digowo tonggo,
lonthonge gemeter dioles balsem.

467. *Mahfud Hidayat*
isuk mangan iwake walang,
walang ngerik jan merdu tenan,
pethuk Cak Lukman onok Sepanjang,
gawe lipstik golek ceperan.

468. *Nurdi Ansyah*
walang ireng disruduk kebo,
walang kadung seneng pencolotan,
rupane nggantheng potongan Rambo,
mlebu warung nglunasi bon-bonan.

469. *Sang Pujangga*
walang antik buntung kakinya,
akan kubawa ke Dewa Nakula,
pacarku cantik lesung pipinya,
kalau ketawa persis drakula.

470. *Prabu Minohek*
walang semafut ketatap untu,
pancen sembrono gak duwe malu,
ketok Cak Mafut saiki metu,
mari topo nyekeli alu.

471. *Wedya Wiewied*
walang ireng disruduk kebo,
nibo-tangi karo pethakilan,
wonge nggantheng pacakan Rambo,
metu bengi dadak jarikan.

472. *Cak Djon*
walang kumat isok guyonan,
saben bengi mlakune mundur,
malem Jumat kok sik parikan,
ngetarani barange nganggur.

473. *Wedya Wiewied*
walang kaliren diemot tronton,
tuku gethuk diwadhahi blangkon,
aku kangen dumateng Cak Djon,
nek kepethuk tak sumeti mercon.

474. *Luk Man Asli*
walang cilik mibere munjuk,
dadak kesamber sempleh swiwine,
geger diwalik tak kiro njaluk,
pamer geger nduduhno panune.

475. *Nurdi Ansyah*
walang mati cemplungno sumur,
saking jerone nyeluk PMK,
yo wis mesti barange nganggur,
mergo barange kenek PHK.

476. *Winna Faith*
walang kekek gak tau mangan,
lungguh semedi matane merem,
senajan elek tak eman-eman,
lek bengi dadi tombone adhem.

477. *Sang Pujangga*
walang sangar mangane ketan,
mergo tuwo mlakune miring,
pacar mrongos jarang sikatan,
nek pas mengo untune kuning.

478. *Prabu Minohek*
walang wadon menclok nang pelem,
walang tilem pating gembrandhul,
Cak Djon saiki dadi bintang pilem,
main pilem "Jejak Si Gundhul".

479. *Nurdi Ansyah*
walang doyan nang njero pawon,
nggandheng pacar malih ketemon,
lek sampeyan ngangeni Cak Djon,
nang-o pasar nang bakul melon.

480. *Sang Pujangga*
walang garing makan rambutan,
kalau minumannya minta es dawet,
giginya kuning gak pernah sikatan,
saking tebelnya ditumbuhi suket.

481. *Wahyu Nugroho*
walang sak ton ijol bekupon,
walang endhel seneng klayapan,
bakul melon digendhak Cak Djon,
saben apel nggilap-nggilapan.

482. *Prabu Minohek*
walang kekek gak nduwe susu,
nduwe rambut telu jumlahe,
wong wis tuwek kegedhen napsu,
ora sumbut karo tenagane.

483. *Iben Kampret Sang Pengelana*
walang ijo walang kacangan,
ditutupi kapas ditaleni perban,
duwe bojo duwe gendhakan,
kentekan napas golek cadhangan.

484. *Nurdi Ansyah*
walang kekek kupinge budheg,
watuk mengi mari andhok soto,
ngejak cewek dhuwik gak gableg,
mulih bengi nunut praoto.

485. *Wahyu Nugroho*
walang ngenthung rupane abang,
nggawe gosip disambi njagong,
Cak Djon gulung atine girang,
nggudho Hangsip tepak sing bencong.

486. *Raihan TheLion Walang*
walang mlumah karo jarikan,
mangan klopo sandingane ketan,
malem Jemuah kok sik parikan,
opo konco gak ngumbah gaman.

487. *Nurdi Ansyah*
walang kothak buntute lincip,
ndhase ngelu dhuwik gak gableg,
paling enak dirabi Hangsip,
wonge turu penthunge sik jejeg.

488. *Luk Man Asli*
walang ayu kecemplung baskom,
miber nyrunthul disumeti mercon,
kudu ngguyu ndelok sponsor kondom,
artise gundhul kok koyok Cak Djon.

489. *Nurdi Ansyah*
walang ndhagel gak onok lerene,
lek nang Tuban mampir nangNgagel,
bokong kandel akeh fungsine,
montor ngeban kenek gawe ganjel.

490. *Cak Djon*
walang mangan dicekel Hansip,
plerak-plerok koyok sik kurang,
duwe gendhakan bokonge lincip,
nek didelok persis tutup dandang.

491. *Wahyu Nugroho*
walang gripis wulune methel,
bolong-bolong awake ketok,
Cak Djon nangis atine mangkel,
disentak bencong untune coplok.

492. *Prabu Minohek*
walang mringis endhase gundhul,
nguntal srikoyo wis entek limo,
Cak Djon manis koyok es gandhul,
nek gak percoyo mene dilatono.

493. *Prabu Minohek*
walang ireng ketok mencorong,
walang ndhodhok ngisor wit turi,
Cak Djon seneng wong bencong,
gak duwe rokok kenek dijaluki.

494. *Cak Djon*
walang kere duleken kecik,
walang bule kleleken capung,
wong sakmene direken cilik,
nek kurang gedhe blebeten lempung.

495. *Wedya Wiewied*
walang nggapleki mesti kukur-kukur,
belang kulite kakehan jamur,
awake Cak Nurdi pancene dhuwur,
ning sayange jebolan Menur.

496. *Prabu Minohek*
Walang mokong wis rodok pikun,
sing digoleki omahe Kang Pardi,
nemu bencong nang stasiun,
barang dicedheki dadak Cak Nurdi.

497. *Nurdi Ansyah*
walang gendheng turune ngorok,
jare ngantuk kok tuku rokok,
ojok seneng nyemoni wong wedok,
kadhung ngamuk kathoke digembok.

498. *Irwan Anwar*
walang kekek gripis buntute,
kenekan kawat ndhik pager wesi,
wong wis tuwek lali dalane,
angger liwat kliru dalan bayi.

499. *Luk Man Asli*
walang menclok nang jero gandhok,
nang ndhuwur laci wis rodok suwe,
kepinging nyethol kathoke digembok,
pamerono kunci lak mbukak dhewe.

500. *Cak Djon*
walang ijo walang kacangan,
muluk kenceng gocekan kapas,
duwe bojo yo duwe gendhakan,
njaluk bareng kentekan napas.

501. *Kenari Alas*
walang loro iso dadi telu,
rayah-rayah koyok wong sempel,
kusus kanggo koncoku Cak Prabu,
gak oleh jatah dicepetno apel.

502. *Cak Pardan Suroboyo*
walang ireng gak tau suri,
menclok clono gantungan paku,
Cak Djon nggantheng akeh sing iri,
nek tak tamatno sik gantheng aku.

503. *Sudarmansyah Cms*
walang kekek numpak sepeda,
walang ijo kecepit tiker,
Mbok Shariphah kepingin njatah,
bareng mlumah mungsuhe mlungker.

504. *Kenari Alas*
walang alas terbang kesana,
main bola di pohon klapa,
mbakyu-kangmas apakabarnya,
lama tak jumpa kian segar saja.

505. *Irwan Anwar*
walang kekek dipathil lele,
kecepit gedhek sikile cuklek,
bojo elek ganok tunggale,
tapi kenek nggo weden tekek.

506. *Kenari Alas*
walang ngendhog iku ngrejekeni,
ayo diingu ndhik wite klampok,
gak tau kapok terus dibaleni,
jare iku mek kapok lombok.

507. *Aliaz Cmblex Cemplir*
walang kekek ketatap lawang,
awake entek kecepit kelek,
wong wis tuwek kok seneng nantang,
wong wis legrek katene matek.

508. *Cak Nurdi*
walang kekek menclok wit sukun,
nabrak wakul cuklek swiwine,
durung tuwek kok yo wis pikun,
keliru ngrangkul morotuwone.

509. *Prabu Minohek*
walang jengkulitan buntute dowo,
nyemplung kali mangan bongkotan,
budhal Jumatan hape digowo,
ojo lali ngarang parikan.

510. *Kang Narto Wong Tani*
walang ketan ora sikatan,
walang pencit buntute cuklek,
orak sopan ora perasaan,
mlebu masjid nyanyi walang kekek.

511. *Kang Narto Wong Tani*
walang limo adus neng kali,
mangan gabah sampek keselek,
dasar riko uwong sing dablek,
nyemak kotbah karo sliyak-sliyek.

512. *Cak Djon*
walang dolan nanggone kalen,
walang ngethek kejegur nang got,
nerusno parikan sing wis kelalen,
rokok entek sampek gak kesedhot.

513. *Nurdi Ansyah*
walang ijo miber nang alas,
sikile cuklek mlayu nang sawah,
duwe bojo kebacut akas,
klambi entek kabeh diumbah.

514. *Prabu Minohek*
walang mencolot nabrak tong kosong,
dhasar walang dowo sikile,
duduk potlot yo duduk semprong
ketunjang palang dowo urusane

515. *Nurdi Ansyah*
walang gundhul gulune abang,
plorak-plorok ngenteni kapal,
mendal-mendul bokonge goyang,
bareng didemok sumpelan gombal.

516. *Luk Man Asli*
walang wilang wuling wulingan.
wulu wulune wulu wuluan.
bokong sak bikang boking-bokingan,
iku tandane gak arep lanangan.

517. *Mbok ShariPhah*
walang bule walange miber,
walang abang ojok diclurit,
bokong gedhe pancene seger,
kadung nggoyang iso korat-karit.

518. *Ruston Efendi*
walang kekek dipangan tekek,
menek-menek nang ndhukur getek,
wong wis elek ojok dietrek-etrek,
engkok mewek koyok arek bayek.

519. *Kotrek Kerabat Capung*
walang kekek menclok nang pager,
pagere pring dipangan rayap,
wong wis tuwek kok ora mblenger,
saben ndino sik doyan nglayap.

520. *Rito Aji Full Suroboyoan*
walang delima bagus rupanya,
mlenthus mecucu giginya dua,
gendhakan lima rupa-rupa warnanya,
meletus satu yang lain tertawa.

521. *Cak Djon*
walang anakan klambine lurik,
mangan klepon numpake Honda,
duwe gendhakan bekase Carik,
kate dirempon ndelok agenda.

522. *Rito Aji Full Suroboyoan*
walang kuntet mangane suket,
kroso perih lare siwelen,
lemeke suket mbayare seket,
bareng mulih awak gatelen.

523. *Cak Djon*
walang Tunjungan wulune lebat,
sobo pawon nggowo rantangan,
duwe gendhakan bekas pejabat,
mari ngrempon ngongkon tandatangan.

524. *Irwan Anwar*
walang bencong gak duwe buntut,
jange menclok wedi cokot macan,
ndelok bokong sampe semahfud,
sing didelok bokonge jaran.

525. *Cak Fud Probo*
walang kekek isone nyurung,
nyurung larakan nang tempat sampah,
bojo elek gak usah bingung,
gowoen nang loakan ditukar tambah.

526. *Cak Fud Probo*
walang pari nang wite sono,
walang anakan gak isok miber,
ketok seksi nekngawe clono,
pas sewekankok malih bunder.

527. *Cak Djon*
walang mbok-mbokan rupane teles,
ngguyune kekel nek cidhek geni,
duwe gendhakan areke judhes,
sik kait nyekel wis diseneni.

528. *Kenari Alas*
walang ketekuk mari klayapan,
njuk dibobok cek rodok sudo,
parak isuk sregep parikan,
ketok awan balapan budhal kerjo.

529. *DJoyo Sokromo Nyruput Kopi*
walang kekek kemulan goni,
gonine elek sing penting gedhe,
masiyo elek tapi ngangeni,
angger didhemek ambegan gedhe.

530. *Irwan Anwar*
walang ndablek gak gelem sunat,
merga bodong ketok udele,
jare ngambek katene minggat,
tekan embong lali suwale.

531. *Herman Zaelany*
walang kekek nang karung goni,
walang kayu menclok nang pondhok,
tonggo kelek gak dikocomotoni,
digawe mlayu iso keplok-keplok.

532. *Cak Nurdi*
walang kobong cemplungno timbo,
miber ceblok tepak ndhik jedhing,
nduwe bokong kok kebacut ombo,
kate menggok kudu pasang riting.

533. *Aniek Hasan*
walang kekek menclok nang kayu,
kenek pulut nyanthol nang gulu,
bojo elek loroan untu,
uncalno nang laut cek dipangan hiu.

534. *Irwan Anwar*
walang senep kebelet ngising,
angel mbrojol sampe jam rolas,
turu mengkurep kelonan guling,
gulinge mbrodhol kleleken kapas.

535. *Cak Fud Probo*
walang kekek ngguyune ngakak,
ndelok Unyil pas kesereten,
bojo elek jarang ditembak,
kait dijawil wonge sawanen.

536. *Cak Nurdi*
tengah sawah golek walang kadung,
entuk limo gak gelem leren,
tiwas mlumah siap bertarung,
dadak tonggo ngundang kenduren.

537. *DJoyo Sokromo Nyruput Kopi*
walang mbethik pancene meler,
mbiyaki rok jarene sueger,
dinda cantik turune ngiler,
kadhung ngorok koyok helikopter.

538. *Irwan Anwar*
walang kekek dicokot tekek,
mergo duwe jajanan bolu,
bojo elek cepitno kelek,
gak let suwe lak malih ayu.

539. *Kenari Alas*
walang mati keblekan boto,
ayo didonganicek oleh pahala,
neng endhi-endhi tetep setio,
setio disini dan setio disana.

540. *Irwan Anwar*
walang kekek kabehe limo,
podho ngoco bengesan lambe,
bojo elek kudu ditrimo,
masi ngono iso menek jambe.

541. *Prabu Minohek*
walang ireng menclok ndhik tembok,
turu mlumah karo nyokot gembok,
ojok seneng nyemoni wong bedok,
gak dijatah iso lholhak-lholhok.

542. *Ruston Efendi*
walang tegalan miber nang waru,
walang kadung menclok nang kapas,
nek gendhakan ojok seru-seru,
weteng mblendhung jare obesitas.

543. *Cak O'bloh*
walang kekek wernone sembur,
mangan tewel rokokan'Bentoel',
bojo wis elek matane blawur,
gowo nang bengkel dimodif gaul.

544. *Sudarmansyah Cms*
walang kelon kejegur banyu,
gere-gere swarane crawak,
pancen Cak Djon seneng praen ayu,
masiyo wonge gak duwe awak.

545. *Prabu Minohek*
walang klepon koyok kemiti,
walange gantung nang pepohonan,
selerane Cak Djon mesti gonta-ganti,
jare tergantung karo kebutuhan.

546. *Wahyu Nugroho*
walang telu mlakune seyek,
ndhase bundhas panune akeh,
Cak Djon ngelu mikir walang kekek,
iso waras nek rabi maneh.

547. *Luk Man Asli*
walang kekek kecemplung baskom,
salah jujukan salah semayan,
gak mikir tuwek gak mikir enom,
urusan wedokan mesthi royokan.

548. *Cak Djon*
walang anakan koyok dhakocan,
mekrok kedanan mangane sego,
urusan wedokan aku gak doyan,
nek wedok temenan paling gedhugo.

549. *Cak Djon*
walang kayu gak tau nylathu,
eling anake wedi nek giras,
delok Cak Wahyu kok ketok metu,
paling jempole wis rodok waras.

550. *Luk Man Asli*
walang kadheman urip nelongso,
lungguh ijenan karo sulingan,
wedok temenan pean gegudho,
nek wedok wedokan gawe selingan.

551. *Cak Fud Probo*
golek luwak oleh walang kekek,
walang dibeleh gawe bancakan,
apese awak duwe bojo elek,
mangane akeh ngentekno warisan.

552. *Aniek Hasan*
walang kekek walange kadung,
menclok dhingklik age jupuken,
njero sewek ketok methunthung,
ojo diuthik nggarahi gringgingen.

553. *Kenari Alas*
walang kekek ojok dibedhil,
tiwas mendal nek kenek congor,
awak legrek tak untali cindhil,
mari nguntal langsung ndelosor.

554. *Cak Djon*
walang sinom godhonge peret,
macak aksi modhele angkuh,
wong sik enom praene pucet,
gak mblanjani ditinggal slingkuh.

555. *Cak Djon*
walange sinom dijabut dhewe,
godhong ijo dipangan pedhet,
masi enom gak nyambut gawe,
bojone kerjo dikongkon mbondhet.

556. *Cak Djon*
walang kekek parikan dhewean,
gak onok sing metu digawe iklan,
wonge tuwek kentekan gendhakan,
rodok pekewu danganane rong kilan.

557. *Luk Man Asli*
walang sinom gawene mewek,
awake cilik sikile abuh,
sing wedok enom lanange tuwek,
bolak-balik kepingin ngasuh.

558. *Luk Man Asli*
walang buthek kecemplung banyu,
kecirit-cirit dipathok arit,
uwonge gundhek awake lemu,
danganane sak emprit digawe slilit.

559. *Prabu Minohek*
walang kekek ndhik ndhuwur kloso,
awan-awan nang godhong toro,
ono wong tuwek nggawe kocomoto,
nglirik prawan cek gak ketoro.

560. *Dwi Cayoon*
walang kekek menclok nang tembok,
mabur mecethatmlebu nang kamar,
ojo ngenyek karo wong wedok,
ditinggal minggat turu nang pasar.

561. *Robby Cahyadi*
tutupan sewek ketok sethithik,
walang cilik turune bengi,
prawan tuwek polahe mekitik,
kaet diwalik ambegane mengi.

562. *Wahyu Nugroho*
walang kekek nyolongan sego,
liwat mburi mlebu cendhelo,
ngesir cewek sik pernah tonggo,
nekngapeli gak perlu bondho.

563. *Kenari Alas*
walang kekek lungguh kuwadhe,
ngombe kopi lepeke piring,
ngesir cewek tonggone dhewe,
lekne rabi gathik iring-iring.

564. *Wahyu Nugroho*
walang gombyok ketok njebobok,
golek uthis kepingin ngrokok,
lungguh ndhodhok karo mekokok,
perlu ngisis nggaringno kathok.

565. *Robby Cahyadi*
walang kekek clonoan biru,
saben isuk cangkruk ndhik ebuk,
bojo elek ijolno tahu,
oleh susuk sik imbuh gethuk.

566. *Wahyu Nugroho*
walang gendheng lali omahe,
turut kali nggendhongi mejo,
elek-nggantheng ganok bedane,
nek wis rabi dikongkon kerjo.

567. *Budy Love Atin*
walang kayu sikile ndhredhek,
mangan tahu ajange mangkok,
bojo lemu awake menthek,
kaet mangku dhengkule anjlok.

568. *Wahyu Nugroho*
walang brai minyakan jelly,
malih rapi enak delokane,
wong nek rabi kudu sing jeli,
ojok ngrabi anake kere.

569. *Wahyu Nugroho*
walang mbois semiran abang,
delokane nang moto panas,
kathok tipis kaine trawang,
jeroane ngecape jelas.

570. *Kenari Alas*
walang slawe ndhik njero tepak,
mangan gotri loro wetenge,
rabi sing kere pancen gak enak,
ngrabi mentri kok cik sawangane.

571. *Budy Love Atin*
walang kayu menclok nang jambu,
wis diecer gak payu-payu,
masiyo ayu awake lemu,
lungguh jejer ngentekno bangku.

572. *Herman Zaelany*
walang kekek mangani gaplek,
mangan gaplek nang ndhukur lincak,
awan mekekek bengi mekekek,
lha yok opo rek wong aku mbecak.

573. *Wahyu Nugroho*
walang ijo dicucuk sriti,
malih guthang dadine koplak,
entuk bojo anake mentri,
tapi sayang wis umur swidak.

574. *Luk Man Asli*
walang sabar bokonge semok,
budhal kesusu ndelok sutingan,
konco anyar nawani rokok,
bungkuse samsu isi lintingan.

575. *Ambrosius Edi Priyanto*
walang kekek nang ndhuwur irung,
irung gedhe akeh upile,
bojo tuwek marakno bingung,
bingung kate golek gantine.

576. *Aniek Hasan*
walang kekek digondhol angin,
kecanthol bolah taline ondho,
bojo tuwek hobbine main,
saben kalah nggadhekne clono.

577. *Cak Djon*
walang godhong nyuweki luntas,
kecanthol kawat mibere mblakrak,
rambut gondrong gak tau kramas,
saben liwat ambune nyegrak.

578. *Wedya Wiewied*
walang ijo dipangan menthog,
dipangan separo ndhase mecothot,
oleh bojo senengane mbadhog,
klambi clono nganti dicopot.

579. *Kenari Alas*
walang ijo mlaku ndhik lemah,
ojo digepuki kuwatir bengkong,
bojo limo sik kate nambah,
saben bengi sangune terong.

580. *Wedya Wiewied*
walang godhong menclok nang pager,
ditali kawat gedhene sak neker,
rambut gondrong nek turu ngiler,
saben liwat dirubung laler.

581. *Wedya Wiewied*
walang limo sik nambah maneh,
sampek swidak cek tambah akeh,
jik tas numpak sik monah-maneh,
mari nyengklak sikile sengkleh.

582. *Aak Bayaxz*
walang boto jumlahe loro,
ngomong nggremeng gak putus-putus,
duwe konco gak duwe bojo,
hobi nginceng rondho pas adus.

583. *Aniek Hasan*
walang kadung ketiban lemari,
ndhase benjut ganok sing ngramut,
bojo tak ambung sambatan keri,
kate tak lanjut lha kok semaput.

584. *Wedya Wiewied*
walang keren kocomotoan,
clono membleh gathik lerekan,
dino Senen akeh kerjoan,
bosse noleh ditinggal parikan.

585. *Cak O'bloh*
walang kekek miber kecepit,
gak iso polah kepingin njerit,
bojo tuwek bekase atlit,
nek bergaya bokonge jenthit.

586. *Aak Bayaxz*
walang keren raine pas-pasan,
iku dandanane nglarakno ati,
dino Senen ganok kerjoan,
wong pelanggane dipangan sapi.

587. *Wedya Wiewied*
walang ngamuk karo pencilakan,
saben mangan mesti keselek,
isuk-isukakeh penggaweyan,
nggawe parikan ngedhemno utek.

588. *Irwan Anwar*
walang kekek ngrikiti papan,
kliru panci wadahe blimbing,
wong wis tuwek golek gendhakan,
kliru banci nangis ndrenginging.

589. *Luk Man Asli*
walang seger pancene gati,
saben mulih sambatan kaku,
budhal nang Jember nemoni Yu Siti,
urusan bapake opo jare aku.

590. *Prabu Minohek*
walang telu main plorotan,
walang njompat awake panas,
endhas ngelu gak iso parikan,
wis ngombe obat keliru potas.

591. *Luk Man Asli*
walang pantai kepingin mbadhog,
mangan thiwul sing teko gathot,
lungguh nyantai suguhane cilok,
dileg wungkul motone mencolot.

592. *Aniek Hasan*
walang kayu gak iso nelek,
loro ampek lambene nyaprut,
nyawang Cak Wahyu ketokane tuwek,
bareng cedhek praene uuuwimut.

593. *Budy Love Atin*
walang kayu cucuke dhedhel,
swiwine mbegar wulune ketel,
bojo lemu senengane ngomel,
gowoen nang pasar ijolno tetel.

594. *Luk Man Asli*
walang babaran diodot dhewe,
narike pelan metune suwe,
nrimo bayaran pas tanggal slawe,
tangine awan ngenteni srengenge.

595. *Sudarmansyah Cms*
walang sangit menclok nang pager,
pagere amblek walange miber,
mbojo Wiwied yo pancen sueger,
wonge cindhek yo rodok bunder.

596. *Luk Man Asli*
walang telu akeh bandhane,
podo penclokan pamer endhase,
uwong telu podo edane,
ngomong wedokan podo nggragase.

597. *Kenari Alas*
walang telu tatapan ndhas,
kroso panas tibo kepental,
jelas aku pancene nggragas,
lek gak nggragas jare gak normal.

598. *Kenari Alas*
walang rondho wis duwe putu,
swiwine kiyu gak iso liyan,
lekne sido pethuk gendhakanku,
tak jak mlaku tak tukokno jajan

599. *Kenari Alas*
walang dhudho urip kesepian,
macaki klopo bekas sandhingan,
embok tuwo lekne purikan,
tak tukokno karet plembungan.

600. *Cak Pardan Suroboyo*
walang kekek mencloki mejo,
diuber doro tak sawat sandhal,
bojo elek gak gelem kerjo,
malam Suro tak gawe wadal.

601. *Cak Pardan Suroboyo*
walang kekek diuber kucing,
mlayunyasar gak ngerti dalan,
bojo elek awake bungkring,
tak jak nang pasar dikiro thethelan.

602. *Cak Pardan Suroboyo*
walang kekek walange kadung,
miber kalangan menclok nang sawah,
bojo elek wetenge njemblung,
mlaku nang petengan dikiro makowa.

603. *Luk Man Asli*
nulis walang kelirú wayang,
kantekan mangsi nulise kurang,
duduk dhalang tapi pialang,
pria terseksi senang petualang.

604. *Wahyu Nugroho*
walang pari arane wereng,
nggudho bethet ndhik wite cerme,
sik tas brai tapi wis meteng,
malih kunthet gak iso gedhe.

605. *Cak Pardan Suroboyo*
walang kekek uber-uberan,
sampek Pandaan ucul swiwine,
wong wis tuwek seneng pacaran,
enak-enak gendhakan dikroyok putune.

606. *Kenari Alas*
walang goyang nang ndhukur alu,
alun sono wek'e Yu Painten,
sugeng siang wahai Cak Wahyu,
sak meniko putune pinten ?

607. *Wahyu Nugroho*
walang lemu kangelan mlaku,
walang kekek kakehan polah,
saben turu mesti ndhik gerdhu,
golek cewek sing lali omah.

608. *Aak Bayaxz*
walang kekek miber nang sawah,
menclok wesi dithuthuk nampan,
oleh cewek sing lali omah,
masiyo seksi gendheng anyaran.

609. *Kenari Alas*
walang kekek turune mlumah,
mekeh-mekeh mlakune kenclik,
golek cewek sing lali omah,
barang oleh matane mendelik.

610. *Aak Bayaxz*
walang kekek menclok nang kayu,
iku kayu teko Pandaan,
ngajak cewek awake lemu,
saben metu ngentekno ban.

611. *Kenari Alas*
walange pencolotan ketoke giras,
sikil kiwo kenek balang pring,
akeh prawan sing isih waras,
ulah opo milih sing gendheng.

612. *Luk Man Asli*
walang koleng kakehan sinom,
sering lali masiyo akas,
cewek gendheng pokok sik enom,
guyangen ndik kali paling iso waras.

613. *Cak Djon*
walang mudo marisawanen,
walang ndheteng koyok orong-orong,
wong digudho ngguyu kemekelen,
bareng digandheng lulusan Porong.

614. *Hylda Faiza Ranum*
walang kekek ngrikiti tomat,
godhong sinom gawe inuman,
sing wis tuwek ndang podho tobat,
sing sik enom ayo gendhakan.

615. *Luk Man Asli*
walang kereng akeh anake,
anak sewelas podho hebate,
milih sing gendheng onok enake,
timbang sing waras akeh sambate.

616. *Cak Pardan Suroboyo*
walang kekek gak iso jejeg,
mlaku tegalan ketok medeni,
wong wis tuwek kupinge dubleg,
diomongi alondikiro ngrasani.

617. *Irwan Anwar*
walang seksi pakean daster,
kecanthol ciblok ketok kathoke,
sambat mengi nangis kepiyer,
bareng dikaplok dadi lan warase.

618. *Luk Man Asli*
walang damen mencloki endhas,
ndhase puyeng mangane nggragas,
sing gak komen gak waras-waras,
sing podho gendheng gak mikir beras.

619. *Aniek Hasan*
walang kadung suthange dowo,
cuklek siji mlakune dhingklang,
bareng wis kadhung entuk bojo tuwo,
umur tuwek untune bogang.

620. *Cak Pardan Suroboyo*
golek walang wayahe rendheng,
walang kekek kenek pulute,
dadi wong lanang ojo sok gantheng,
bojo elek diakoni babune.

621. *Nanuk Setiawati*
walang kekek mibere banter,
cuklek sikile mlakune mbrangkang,
saking enake kroso nggayer-nggayer,
sampek lali nek duwe utang.

622. *Prabu Minohek*
walang kenari turune njungkel,
walang nguyuh nang njero kathok,
Cak Ri ngguyu nganti kepingkel,
ora weruh untune coplok.

623. *Kenari Alas*
walang tulen ojo digepuk,
cumak siji ndhik njero pethi,
aku pancen sing durung ngantuk,
digawekno kopi paite setengah mati.

624. *Luk Man Asli*
walang mesakat mergo kemayu,
seneng bengesan kepingin payu,
pancen hwebat jenenge Cak Wahyu,
parikan sepisan dadine sewu.

625. *Kenari Alas*
walange pete kabehe loro,
aduh gedhene aku gak mentolo,
aku jane gelem nerusno,
lekne hadiahe dike'i rondho.

626. *Prabu Minohek*
walang obah awake nggreges,
tapi walange gak iso muni,
oleh hadiah rondho sing teles,
tapi jenenge Sugeng Jayadi.

627. *Cak O'bloh*
walang kekek hobine ngambul,
mangan krupuk untune ucul,
bojo wis tuwek endhase gundhul,
lek kadhung ngamuk mangan sak wakul.

628. *Nurdi Ansyah*
walang kekek meh sampek sewu,
nambah maneh cek tambah wareg,
senajan tuwekgak pati ayu,
penting mbokne juragan warteg.

629. *Cak Pardan Suroboyo*
golek walang wayah ketigo,
walang kadung nyekele angel,
duwe wong lanang ngakune kerjo,
sobo ndik warung ngrekapi togel.

630. *Cak O'bloh*
walang kekek berlagak longor,
berparas manis golek utangan,
bojo wis tuwek lek brai menor,
tiru artis modhel dhakocan.

631. *Cak Pardan Suroboyo*
golek kodhok tengah kuburan,
diumpani walang mek entuk siji,
dadi wong wedok ojo geleman,
dijawil wong lanang langsung memeti.

632. *Nurdi Ansyah*
walang watu nyungsep nang pawon,
akehe limo sing urip siji,
dipek mantu kaliyan Cak Djon,
saben dino dikongkon metani.

633. *Kenari Alas*
walange polah iku walang geni,
hinggap di sana di pohon brokoli,
gak masalah bendino metani,
daripada dikongkon nguli.

634. *Wahyu Nugroho*
walang jendhul bathuke nonong,
nggawe blangkon gambare klarap,
endhas gundhul keserang bonong,
koyok melon diplitur nggilap.

635. *Wahyu Nugroho*
walang topo kepingin sakti,
pati geni masiyo adhem,
rabi rondho umur swidak siji,
rino wengi bobokan parem.

636. *Cak Fud Probo*
nggowo tembak mbedhil walang kekek,
wulune mekar buntute sigar,
bejane awak duwe bojo elek,
pas nang pasar ono sing nawar.

637. *Cak Fud Probo*
walang kadung numpak sepeda,
iwak kutuk gak kenek diutik.
gawe sarung pamitan ronda,
mulih isuk kok nyangking pitik.

638. *Herry Lamongan*
jangkrik walang menek wit kluwih,
wong mengengeh gak tau mrengut,
parikan walang kudu sewu luwih,
diwaca kabeh iso semaput.

639. *Wahyu Nugroho*
walang gatel walang keroken,
pingin bothok lha kok alergi,
awak kesel kathik kaliren,
pingin mbadhog ganok sing ngeteri.

640. *Cak Fud Probo*
walang sangit seneng beraksi,
seneng goyang ngadek gak jejeg,
cewek genit bodine seksi,
tapi sayang kupinge dubleg.

641. *Wahyu Nugroho*
walang rondho ganok bojone,
kelayapan ganok barenge,
nunggu konco sing apik atine,
ngirim badhogan yo sak rokoke.

642. *Wahyu Nugroho*
walang nggragas doyan badhogan,
gak nampikan opo ae gelem,
ati panas weruh gendhakan,
ambung-ambungan karo bintang filem.

643. *Wahyu Nugroho*
walang gatelen miber nang ngetan,
golek jampi yo golek tombo,
gak bosen-bosen nguber wedokan,
direwangi nggadhekno clono.

644. *Wahyu Nugroho*
walang luput kakehan duso,
omonge yai ora direken,
aku nurut sarane konco,
gak ngeloni kirik gudhiken.

645. *Wahyu Nugroho*
walang cilik kepingin melon,
mlaku kenclik tibo ndhik enggon,
ndelok pitik kok koyok Cak Djon,
nyirik-nyirik nek weruh babon.

646. *Wahyu Nugroho*
walang kayu menclok paralon,
lungguh clingkrik karo ambus-ambus,
karo bojoku enak-enak kelon,
dipane malik ditubruk wedhus.

647. *Wahyu Nugroho*
walang kekek pingin rambutan,
kate nyenggek diuber asu,
wong wis tuwek kok pethakilan,
nggudho cewek sik pernah putu.

648. *Mas Haryo*
walang njengat walange kekek,
walang watu gak duwe sikil,
Kang Prabu sambat rokoke entek,
mlayu metu tuku sak uthil.

649. *Luk Man Asli*
walang kere ganok bandhane,
lungguh dhingklik olehe nyilih,
rabi anake sik doyan emboke,
bareng kecelik ditinggal nyingkrih.

650. *Cak Fud Probo*
katenjebak tepak walang kekek,
nyiapno kurung ndhik peteng-peteng,
bejane awak duwe rupo elek,
saben nang warung dikiro gendheng.

651. *Prabu Minohek*
walang srabi turune mlumah,
menclok layah dikiro jangan,
Cak Lukman rabi oleh Waljinah,
Mbok Saropah nyemplung nang wajan.

652. *Sukiman Latihan Sabar*
walang payah walange kadung,
walang kuno mabure mudhun,
bojo palang merah gak usah bingung,
yo nggoleko nang alun-alun.

653. *Nurdi Ansyah*
walang kekek menclok nang kayu,
krungu ngerik ndhik ngisor mejo,
duwe cewek rupane ayu,
sayang thithik ponakane konco.

654. *Wahyu Nugroho*
ndelok praene jelas walang kekek,
awak kuru janggute nyathis,
wis nasibe duwe rupo elek,
saben mertamu dikiro ngemis.

655. *Prabu Minohek*
walang taman menclok nang wedhi,
kepleset oli waktu mengintai,
ndelok Cak Lukman karo Cak Nurdi,
dua sejoli saling mencintai.

656. *Aniek Hasan*
walang kayu suthange dowo,
buntut sak meter nyangsang nang pager,
bojo ayu bokonge ombo,
entute banter swarane nggeder.

657. *Luk Man Asli*
walang ijo ojok diumbar,
lek kesendhal dipangan kadhal,
sing duwe bojo melbuo kamar,
aku tak mbedhal nyokoti sandhal.

658. *Mike Mogede*
walang kekek seneng singitan,
mangan iwak rasane enak,
bareng tuwek seneng kudhungan,
pas dibukak sirahe buthak.

659. *Mahfud Hidayat*
golek walang numpaki cikar,
dadak kesasar tekan Magetan,
parikan walang nek sewu komentar,
gowoen nang pasar didol kiloan.

660. *Luk Man Asli*
walang kabur nyucuki bubur,
mari gendhakan swiwine mabur,
sodher nganggur tak demok genjur,
angur parikan timbange nglantur.

661. *Irwan Anwar*
walang kekek gak iso melek,
moro tabrakan klambine suwek,
duwe cewek kaosan lorek,
ndhik petengan dikiro tekek.

662. *Mahfud Hidayat*
walang nyolong golek panganan,
nggoleki pil nggo obat ngelu,
nyawang bokong dhik tengah dalan,
bareng dijawil ditarik seket ewu.

663. *Prabu Minohek*
walang irenghobine ngukir,
walang anakan suwarane elek,
Wahyu nggantheng irunge bangir,
nek parikan digendhengi cewek.

664. *Cak Djon*
walang kekek ngadek swiwine,
dhedhengkote aran Cak Wahyu,
wonge wis tuwek ajeg njatahe,
opomaneh nek gulinge uayu.

665. *Mahfud Hidayat*
walang kayu budhal nang dokter,
disuntik mantri awake panas,
cewek ayu ambegane banter,
loro mengi gak patek waras.

666. *Cak Djon*
walang rame miber nang ngetan,
wulune cuklek kecantholbanten,
wong yahmene sik kober parikan,
ketoro tuwek ganok sing ngreken.

667. *Cak Fud Probo*
walang kekek wernone ijo,
mangan sawo ndhuwur wit-witan,
gak duwe dhuwik yo males kerjo,
nyidhek morotuwo ngedol warisan.

668. *Kay Alee*
walang kayu miber nang omah,
lagek menclok dicucuk pitik,
cewek ayu turune mlumah,
gak nggawe kathok dicucuk pitik.

669. *Mahfud Hidayat*
walang tebu wernane ireng,
ambu apek yo rodok sengak,
kenal Cak Prabu uwonge gantheng,
rambute ngadek koyo ruji becak.

670. *Irwan Anwar*
walang abang teko Ostrali,
numpak kapal mudhun Lamongan,
dadi wong lanang pancene hepi,
gak duwe suwal penting sarungan.

671. *Dhitta Conny Chairunnissa*
tuku permen sampek pak-pakan,
onok tekek ndhik ndhuwur pupu,
iki komen duduk guyonan,
walang kekek sampek meh sewu.

672. *Cak Fud Probo*
mbahas walang ganok marine,
walang ndlurung seneng rokokan,
dadi wong lanang mesthi enake,
bondho sarung budhal gendhakan.

673. *Nurdi Ansyah*
walang damen kecemplung banyu,
sirahe gundhul mripate mlorok,
lek sing komen wong wedok ayu,
Cak Irwan muncul irunge mekrok.

674. *Prabu Minohek*
walang Iran mencok nang awan,
dipangan kodhok dikiro gerih,
aku heran karo Cak Irwan,
irunge mekrok tapi mek sisih.

675. *Luk Man Asli*
walang menclok nang wite klopo,
sikile mancik gathik sandhalan,
irung mekrok gak dadi opo,
timbang dislentik sikile jaran.

676. *Cak Fud Probo*
walang kekek mangani terong,
ndelok sisane mek kari limo,
wong wis tuwek rambute gondrong,
pancen sirahe peternakane tumo.

677. *Cak Djon*
walang anakan mibere kenceng,
diincupno swiwine teles,
duwe gendhakan areke kereng,
tak dungakno awake mimpes.

678. *Cak Djon*
walang kuburan gedhene sak kadhal,
mangan laron ngombene degan,
pingin gendhakan gak duwe modhal,
ngedol spion nanggone rombengan.

679. *Kenari Alas*
walange loro ojo digetak,
iku sing siji tugel suwiwine,
seneng ndungo sing enggak-enggak,
ati ati iso lemes dhewe.

680. *Wedya Wiewied*
walang biru lagi mangan tahu,
entek tahune gosok gigi dulu,
ndelok Kang Prabu gak iso ngguyu,
ndhik cangkeme ngemut inten telu.

681. *Wedya Wiewied*
walang tuwo nggawe sarung ungu,
lungguh ndhekem kemulan kloso,
ndelok Kang Haryo ketoke lugu,
kadhung mesem nginthilno rondho.

682. *Prabu Minohek*
walang kekek awake ledheh,
nganti semaput tekan buntute,
wong wis tuwek kate rabi maneh,
ora sumbut karo putune.

683. *Wedya Wiewied*
walang sere ketiban randhu,
bene tangi diguyang banyu,
goro-gorone bojone telu,
nganti lali nang anak-putu.

684. *Ohh Mydarling Ailopyuu*
walang kekek kecemplung jumbleng,
onok pitik dikiro wedhus,
Prabu Minohek pancene gantheng,
sayang thithik gak tau adus.

685. *Cak Markeso Suroboyo*
walang kekek kecemplung wangan,
klambi jemek mari ngiris dhendheng,
wong wis tuwek lungo ijenan,
onok cewek langsung digandheng.

686. *Cak Fud Probo*
walang kekek krukupan sarung,
ginak ginuk awake kuru,
mbukak sewek njaluk disurung,
moto ngantuk tak tinggal turu.

687. *Prabu Minohek*
walang meteng digowo nang bidan,
dikongkon mlumah awake lemes,
daging mateng wonge gak doyan,
daging mentah cangkeme nggames.

688. *Irwan Anwar*
walang kekek dicathek iwak,
mlebu kresek nubruk nang duren,
masi tuwek bojo sak ndhayak,
dhuwik entek digowo nang gadhen.

689. *Irwan Anwar*
walang kekek awake keceng,
mangan gule ndhik kandhang wedhus,
wong wis tuwek penekan gentheng,
wong karepe nginceng wong adus.

690. *Cak Nurdi*
walang tangi kok rodok awan,
njaluk gendhong opo dipanggul,
awan bengi soboh parikan,
rambut gondrong iso dadi gundul.

691. *Iben Kampret Sang Pengelana*
walang kekek menclok potelot,
nang Serayu dalane lunyu,
onok cewek bodine gembrot,
diuber asu gak iso mlayu.

692. *Dewa Dangdut*
walang kekek digawe jamu,
campur mrico dikek'i madu,
duwe cewek awake lemu,
jarene konco mlaku karo gerdhu.

693. *Dewa Dangdut*
walang kekek nang ndhukur gladhak,
gladhak kobong embuh diapakno,
duwe cewek awake mbledhak,
gak kuat nggendhong yo diglundhungno.

694. *Dewa Dangdut*
walang kekek nang ndhukur dhokar,
loro mengi mlakune mundur,
duwe cewek awake mekar,
saben bengi tak gawe kasur.

695. *Cak Markeso Suroboyo*
mangan mrico lambe sariawan,
walang kekek gak gak buyar-buyar,
duwe konco jenenge Cak Irwan,
masi tuwek seneng sing anyar.

696. *Cak Djon*
walang kakak ceweknya mangkrak,
diopeni sik golek brondong,
orang botak kok mesti kenak,
sekali-kali mbok yo wong gondrong.

697. *Cak Djon*
walang kekek nemplek nang blabak,
telung blabak kabeh kesosor,
ojok ngenyek karo wong buthak,
jare wong buthak persis professor.

698. *Wahyu Nugroho*
walang kakak terkenak dadak,
kakiknya cuklak akhirnya koplak,
cowok botak pameran pathak,
nggilapnya banyak nyulek ke matak.

699. *Wahyu Nugroho*
walang kakak matane mlirik,
nguntal cagak kayunya glugu,
kayaknya adak acarak asyik,
sayang guwak adak rempelu.

700. *Wedya Wiewied*
walang laper mau sarapan,
nasi pecel jadi sasaran,
bothak bunder memang lumayan,
sekali ndusel bisa ketagihan.

701. *Budy Love Atin*
walang kayu kesrempet pikep,
terbang melayang bebane antep,
bojo lemu turu mengkurep,
nek tak sawang mirip ban serep.

702. *Wahyu Nugroho*
walang bongol kerjone manol,
nggowo botol wadhahe ompol,
mbledhuk moncol diprekes mrongkol,
kenyol-kenyol jenenge penthol.

703. *Budy Love Atin*
walang kayu menclok nang tembok,
moco koran disambi ngrokok,
bojo lemu awake montok,
dijak dolan disosor menthok.

704. *Prabu Minohek*
walang manak nang jero genthong,
walang manak anake Carik,
pancen enak dadi wong gondrong,
lek numpak bis ganok sing narik.

705. *Wahyu Nugroho*
walang brundhul kakehan kukul,
pingin kumpul bojone ngambul,
sirah gundhul jan persis thuyul,
mlaku nyrunthul katene ucul.

706. *Kenari Alas*
walang mengong klelegen uthis,
kenek dluwang lambene mringis,
rambot gondrong jarene laris,
cumak sayang koyok teroris.

707. *Mahfud Hidayat*
walang nggrandhong nyucuki kayu,
lambe nyosor sikile ngukur,
rambut gondrong iyalah Cak Wahyu,
gondrong nisor yo gondrong ndhuwur.

708. *Wedya Wiewied*
walang grandhong mergo keluwen,
mangan nanas yo sak kulite,
rambut gondrong emange kweren,
gak tau kramas ngeman shampone.

709. *Wahyu Nugroho*
walang cebol walang anakan,
nyemplung kali adus byur-byuran,
bojo bongol doyan badhogan,
gak pedhuli pakane jaran.

710. *Cak Djon*
walang ijo tinggalan kompeni,
gak nyenengno rodok urakan,
duwe bojo gak isok ngopeni,
sabendino disogrok parikan.

711. *Cak Djon*
walang ijo muter nang wetan,
golek pari gawe badhogan,
duwe bojo pinter parikan,
saben bengi ngguyu dhewean.

712. *Wahyu Nugroho*
nyebak walang kliru terwelu,
digepuk alu awake ledheh,
mikir utang nang endhas ngelu,
cek gak ngelu yo rabi maneh.

713. *Wahyu Nugroho*
njero cebuk walange ajur,
mari nyemplung kulite ireng,
isuk-isuk awak wis nganggur,
timbang bingung nggudho wong gendheng.

714. *Wahyu Nugroho*
walang ngamuk sikile nylentik,
mungkin apes tibo njempalik,
ketok mbedhundhuk aku kecelik,
mari tak prekes gak iso mbalik.

715. *Sang Pujangga*
walang Negro rupane ireng,
panganane cukup sego pecel,
nekCak Toro areke nggantheng,
senengane golek rondo punel

716. *Aniek Hasan*
nyinggek walang mek nggawe cuthik,
mabur mlayu nang njero pethi,
kecepit lawang motone mendelik,
persis Cak Wahyu pas loro mengi.

717. *Cak Nurdi*
walang sangit kecanthol kawat,
dicaplok welut awake penyet,
njujug mesjid tak kiro sholat,
dadak nunut kate nang toilet.

718. *Cak Nurdi*
walang kekek walange kadung,
nyemplung kedhung gak iso ngadek,
wong wis tuwek sik doyan ambung,
kate ngambung dhengkule ndhredhek.

719. *Cak Nurdi*
walang kekek buntute mbulet,
mangan pelem gak gelem suket,
wedok tuwek clonone ngampret,
mlakune kalem wedi kesrimpet.

720. *Winna Faith*
walang ijo nyruputi banyu,
banyu segoro asin rasane,
gak duwe bojo nang endhas ngelu,
nggendak tonggo konangan bojone.

721. *Wedya Wiewied*
walang kekek penekan ondho,
ondho pecah natap nang mejo,
dhudho tuwek nggoleki molo,
kakehan polah balangen boto.

722. *Wedya Wiewied*
walang kekek kegedhen bokong,
nggawe sarung ketok gemblantong,
lanang tuwek untune ompong,
nek diambung koyok main pingpong.

723. *Wedya Wiewied*
walang sangit ambune badheg,
saben liwat nang irung buntet,
njero masjid jenthat-jenthit ngadeg,
nginceng wong sholat clonoan ngapret.

724. *Wedya Wiewied*
walang Indo turunan Jerman,
lemu gedhi kulite abang,
duwe bojo pinter parikan,
awan bengi sampek lali adang.

725. *Sang Pujangga*
walang sangit nggowo blekberi,
dibungkus gombal bekase slendhang,
sholat nang masjid manggon ndhik buri,
njogo sandhal kuwatir ilang.

726. *Wahyu Nugroho*
walang turu campur larakan,
turu ngorok kemulan sarung,
sampek dalu isih parikan,
lali mbadhog wetengku kembung.

727. *Wahyu Nugroho*
walang nakal kakehan ngguyu,
saiki loro gak iso tangi,
sik tas kenal arek wedok ayu,
pas tak sopo aku dipisuhi.

728. *Wahyu Nugroho*
walang nangis mergo disapih,
turu karpet karo sendhaplang,
gaya mbois tiru wong sugih,
dadak ngernet jurusan Malang.

729. *Wahyu Nugroho*
walang edan nggawe kocomoto,
kocomoto wek'e wong Londo,
seje prawan bedo karo rondho,
gak lapo-lapo wis njaluk blonjo.

730. *Wahyu Nugroho*
walang gendheng gak amit-amit,
mlebu pasar gathik suwalan,
masi nggantheng areke medhit,
ngajak pacar mek jalan-jalan.

731. *Dewa Dangdut*
walang mendem kakehan mangan,
sing dipangan gorengan tetel,
mesam-mesem ndelok Ning Hasan,
ayu jilbaban brengose kandel.

732. *Wahyu Nugroho*
walang siji kathik sik cilik,
kaet blajar karo dipekeh,
milih klambi sing paling apik,
gak kuat mbayar dibalekno maneh.

733. *Wahyu Nugroho*
walang cilik rupane mrengil,
dipakani tapi gak doyan,
utang dhuwik nang abang thithil,
nggo ngingoni bojo simpenan.

734. *Wahyu Nugroho*
walang nyocot ngomong dremimil,
koyok mercon nggarahi brebegen,
pacar mbobot wetenge njendhil,
tonggo takon jare kewaregen.

735. *Wahyu Nugroho*
walang biru pakane gedhang,
entek telu golek liyane,
cewek ayu jenenge Endhang,
bareng ngguyu onok siyunge.

736. *Wahyu Nugroho*
walang miber dicaplok kodhok,
mergo luwe tas mari playon,
turu angler kok langsung mbengok,
dadak sarunge klebonan tawon.

737. *Wahyu Nugroho*
walang kekek ngisin-isini,
nggawe sewek gak nggawe klambi,
melet cewek poso pati-geni,
kaet kenek direbut Wak Kaji.

738. *Wahyu Nugroho*
walang bulak katene matek,
ambu amis awake legrek,
Cak Djon macak kaosan lorek,
dadak persis babonan tekek.

739. *Wahyu Nugroho*
walang gabus dikiro bulus,
dicet abang dicampur ijo,
nginceng wong adus disruduk wedhus,
tibo kejengkang nangis gero-gero.

740. *Cak Djon*
walang kayu sayape nyilih,
gak isok mlaku keganjel papan,
gendhakan telu bingung nek milih,
kadhung ngelu ditinggal pisan.

741. *Cak Nurdi*
walang kadung nyemplung nang kali,
turu mlumah ketiban kursi,
nggawe sarung pamite ngaji,
lha kok malah nganthongi remi.

742. *Lukman Komodo*
walang nyisih menclok wit jati,
ngincer wakul keliru semir,
kupluk putih tak kiro kaji,
tibake gundhul mari diplamir.

743. *Cak Nurdi*
walang sangit dislentik jaran,
kate miber tiru Supermen,
pamit nang masjid tak kiro Yasinan,
dadak ngincer sandhal Nekermen.

744. *Cak Djon*
walang telu njaluk dipikul,
manuk glathik kabur nang terpal,
pancen ngelu ndhelok ndhas gundhul,
nek ngramasi dilabur aspal.

745. *Cak Nurdi*
bokong njentit kok persis walang,
mlebu ember njaluk didulang,
pas ndhik masjid sandhalku ilang,
mulih nyeker koyok Si Bolang.

746. *Aniek Hasan*
walang jati mencloke nang wakul,
mangan kayu wetenge mules,
nyawang Cak Nurdi potone gundhul,
opo sampean mari kenek tipes ?

747. *Wahyu Nugroho*
walang mokong untune nggeget,
angel ngguyu matane sipit,
nyethol bokong rasane anget,
pas tak ambu dadak kecirit.

748. *Cak Nurdi*
walang blesteran awake nyempluk,
menclok papan milih sing abang,
kakehan parikan bojoku ngamuk,
njaluk sarapan didangno walang.

749. *Lukman Komodo*
walang mulih katene mangan,
mangan ketan wadhahe mangkok,
rambut putih gak mergo uwan,
mari kluguran kembange klampok.

750. *Cak Fud Probo*
nulis walang sampek sewu bait,
ojo bingung pokok parikan,
nggowo rantang karo nyingit nyingit,
ditutupi sarung didol nang rombengan.

751. *Prabu Minohek*
walang kayu menclok nang kopi,
walang cilik wis pinter njengking,
Cak Nurdi ngrayu gak ditanggapi,
saiki nginclik nang njero jedhing.

752. *Cak Nurdi*
walang sulapan menclok nang kursi,
lungguh ndhodhok kursine pedhot,
lek seniman golek inspirasi,
nyumet rokok kliru petelot.

753. *Wahyu Nugroho*
Walang ndoweh mingkem kangelan,
ngombe anggur karo gak klamben,
nek wong kabeh biasa parikan,
koyok wong makmur masio keluwen.

754. *Cak Djon*
menclok kayu gagange lemes,
ngguya-ngguyu walange kekek,
ndelok Cak Wahyu atiku gemes,
umpomo ketemu tak balang teklek.

755. *Cak Fud Probo*
walang kadut njaluk dirabi,
narik watu gawe mas kawine,
bencong mrengut ojok cedheki,
mundhak metu sipat lanange.

756. *Budy Love Atin*
walang kekek mangani pari,
mangan pari karo anake,
wong wis tuwek kemalan rabi,
sampek lali endhi bojone.

757. *Lukman Komodo*
walang kadung ambune langu,
wulune gosong kulite biru,
sido mbambung kentekan sangu,
katut bencong Bunderan Waru.

758. *Budy Love Atin*
walang kayu mangane suket,
miber mlayang sikil kesrimpet,
bojo lemu clonoan ngampret,
nek disawang koyok wit juwet.

759. *Budy Love Atin*
walang pare mibere muter,
miber nylinthut awake ngejer,
bokong gedhe awake buder,
sekali ngentut ngrubuhno pager.

760. *Cak O'bloh*
walang kekek walange kadung,
nguber pitik mlayu nang warung,
bojo elek bendino ngidung,
kadung purik ngedoli sarung.

761. *Winna Faith*
walang kekek menclok nang jambu,
mari bolong awake gosong,
dadi wong tuwek koyok'o Cak Wahyu,
rambute gondrong persis artis Hongkong.

762. *Winna Faith*
walang kadung ngebeki dalan,
suwiwinepodho gandhengan,
ati kadung seneng temenan,
dadak wonge durung pegatan

763. *Winna Faith*
daging walang dimasak rendhang,
wadhah toples isine dhendheng,
eling akang sing adik sayang,
iler ndredes sampek sak kaleng.

764. *Budy Love Atin*
mangan dhuku entek sak mangkok,
walang kayu mibere mojok,
kadhung kangen bojo sing montok,
barang dijawil lha kok wis ngorok

765. *Lukman Komodo*
walang mbeling njalukan sego,
saben sarapan nyampur mentego,
akeh maling tak budhal jogo,
nek wis aman tak nginceng tonggo.

766. *Wahyu Nugroho*
walang gaul akeh omonge,
lagek pubersik seneng gaya,
sirah gundhul akeh panune,
koyok atlas tujuh benua.

PERPUSTAKAAN
BALAI BAHASA
PROVINSI JAWA TIMUR
Jalan, Siwalanpanji, Buduran, Sidoarjo

767. Nonot Sukrasmono
Walang kekek ketok sikile
Opo maneh pas numpak kapal
Akeh wong mendem cekak pikire
Omongane nyeleneh koyok ilang akal

768. *Wahyu Nugroho*
walang loro ambune basin,
ndhase buthak sangking panase,
nginceng rondho waktu pas salin,
tibo nggeblak diculek anake.

769. *Budy Love Atin*
walang kadung sikile mbegar,
menclok jambu mangane acar,
ati bingung kangen nang pacar,
sampek mlaku disrempet cikar.

770. *Cak Djon*
walang kekek ngisore pelem,
pelem gadhung kecut rasane,
wonge elek setengah ngalem,
durung disruput wis coplok dhewe.

771. *Prabu Minohek*
walang mlorok disingkur kodhok,
sebab kodhoke digepuk rawe
dadi wong wedok ojo lungguh ndhodhok,
nek lungguh ndhodhok dikiro lenge lele

772. *Cak Djon*
peteng-peteng mibere ndhangak,
walang kekek nabrak nang tembok,
weteng luwe gak duwe iwak,
bothokan tekek langsung diemplok.

773. *Prabu Minohek*
walang kekek disambel trasi,
tuku nang Mbak Jum sewu regane,
ono wong tuwek senengane brai
rambut keluncum akeh tumane

774. *Wahyu Nugroho*
mentheng kelek karepe aksi,
nggawe kathok bolong ndhik mburi,
walang kekek ora pas sewu siji,
nek gak cocok ojok dipisuhi

ISBN 978-602-8334-37-2
@2014

PERPUSTAK
PROVIN
89